**O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BİLİM MİNİSTİRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG`I QARAQALPAQ MA`MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

Qol jazba huqıqında

UDK: 658.14

JARIMBETOV AJINIYAZ KURBANBAYEVICH

«Finansli'q yesabatda ka'rxana aktivlerinin' qa'dirsizleniwi haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlardi' ashi'p beriw mashqalalari' ha'm wolardi' sheshiw jollari'»

5A230901- Buxgalteriyalıq esap

Magistr akademiyalıq da`rejesin alıw ushın jazılg`an dissertatsiya

MAK da jaqlawg`a ruxsat

Magistratura bo`limi baslıg`ı

_______dots. Gulimov A.

Kafedra baslıg`ı:____________ dots. İsmaylov K.

İlimiy basshı:____________ dots. Seyilbekov B

***No`kis 2014 - j.***

O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

Fakultet _Magistratura bo’limi Magistratura student_Jarimbetov A

Kafedra Buxgalteriyali’q yesap ha’m audit Ilimiy basshi’ e.i.k Seyilbekov B

Woqiw ji’li’ 2012-2014 Qa’nigeligi_Buxgalteriyali’q yesap

## MAGISTRLIK DISSERTACIYASI ANNOTACIYASI’

Dissertaciyani’n’ aktualli’g’i’ – O’zbekistanda aktivlerdin’ qa’dirsizleniw jag’daylari’ ju’da’ ko’p ushi’rasadi’ ha’m “aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi” haqqi'nda standart O’zbekistanda yengizilmegenligi.

Magistrlik dissertaciyani’n’ maqseti: Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw jollari’n islep shi’g’i’w ha’m wolardi’ sheshiw jollari’n izertlew arqali’ ka’rxanalardi’n’ bankrot jag’dayi’na tu’siwinin’ aldi’n ali’w.

Magistrlik dissertaciyani’n’ wazi’ypalari’.

- ka’rxana aktivlerin klassifikaciyalaw, qayta bahalaw

- ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwinin’ yesaplaw, aldi’n ali’w jollari’n islep shi’g’i’w ha’m woni’ a’meliyatta si’naw

Magistrlik dissertaciyani’n’ obiekti «O’zbektelekom» AK

Magistrlik dissertaciyani’n’ predmeti «O’zbektelekom» AK finansli’q yesabatlari’

Magistrlik dissertaciya usi’llari’. Statistikali’q, ekonomikali’q, matematikali’q, ilimiy-teoriyali’q, modellestiriw usi’llari’nan paydalani’ldi’.

Dissertaciyani’n’ ilimiy jan’ali’g’i’

- aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplawdi’n’ jan’a usi’llari’

- aktivlerdin’ qa’dirsizleniwinin’ aldi’n ali’w jollari’ islep shi’g’i’lg’an.

Dissertaciya jumi’si’ kirisiw, u’sh bap, juwmaqlaw, paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi, 12 keste, 2 diagramma ha’m 2 qosi’mshadan ibarat boli’p, ko’lemi 76 betti quraydi’.

Gazel – 32213 markali’ avtotransportti’n’ qa’dirsizleniwin yesaplani’li’p ko’rsetildi ha’m wol haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar finansli’q yesabatlarda aship ko’rsetildi.

Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin 36- FYeXS “Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi” boyi’nsha yesaplaw ha’m aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi haqqi’nda standart yengizilmegen ma’mleketler ushi’n aktivlerdi qayta bahalaw arqali’ aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw usi’ni’s yetildi ha’m aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw sali’q to’lemlerinin’ duri’s yesaplani’wi’ menen ta’miyinleydi.

Ilimiy basshi’ ____________

Magistratura studenti ____________

The Ministry of Higher and Secondary Specialized Education of Uzbekistan

Berdakh Karakalpak State State University

Faculty: Department Master's Degree Student: Jarimbetov A

Department: Accounting and audit Scientific supervisor: Seyilbekov B

Academic year: 2012-2014 Major: Accounting

Summary

The importance of the work lies in the fact that accounting standards for asset impairment have not been passed in Uzbekistan yet although there are many situations about asset impairment in Uzbekistan.

The thesis aim is to prevent bankruptcy of companies through developing ways of calculations for asset impairment.

The thesis object is the stock company "Uzbektelekom".

The thesis subject is the financial statements of the stock company "Uzbektelekom".

The thesis used statistical, economical, mathematical, theoretical and model-based methods.

The scientific novelty of the thesis is the new methods of calculation for asset impairment and ways of protecting assets from impairment.

The thesis consists of the introduction, three chapters, the conclusion, references, 12 tables, two charts, two appendices and altogether makes up 76 pages. The result of the thesis is the calculation of the asset of the make of the car "Gazel-32213" and its disclosure.

The thesis recommendations are related to calculations for asset impairment with IAS 36 "Impairment of assets", revaluing assets in the countries which have not passed the standards for asset impairment which will provide accurate calculation of tax payment.

Scientific supervisor: B.Seyilbekov ____________

Student of the Department of Master's Degree A.Jarimbetov ____________

**M A Z M U N I'**

**Kirisiw……………………………………………………………………..6**

**I bap. Ka’rxana aktivleri qa’dirsizleniwinin’ teoriyali’q tiykarlari’…….10**

1. Ka’rxana aktivleri ha’m wolardi klassifikaciyalaw………………………….10

2. Ka’rxana aktivlerin qayta bahalaw……………………….……………….. 22

3. Ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwi haqqi’nda tu’sinik………………… 28

**I-bap** boyi’nsha juwmaqlaw……………………………………..……32

**II bap. Ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw jollari’……….....33**

1.Pul qa’dirsizleniwi bolmag’an ekonomika………………………...………33

2.Ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw obiekti, wazi’ypalari’ ha’m mag’li’wmatlardi’ ji’ynaw…………………………………………………....36

3.Ka’rxana aktivlerin qayta bahalaw arqali’ aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw…………………………….…………………………………40

**II-bap** boyi’nsha juwmaqlaw…….………………………………………46

**III bap. “O’ZBEKTELEKOM” Akcionerlik Kompaniyasi’ni’n’ aktivlerinin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw ha’m wolardi’ ka’rxanani’n’ finansli’q yesabatlari’nda ko’rsetiw……………………………………...47**

1. “O’zbektelekom” akcionerlik kompaniyasi’ haqqi’nda qi’sqasha mag’li’wmat……………………………………………………………………47

2. “O’zbektelekom” akcionerlik kompaniyasi’ni’n’ aktivleri qurami’ ha’m wolardi’n’ analizi…………………….…………………………………………50

3. “O’zbektelekom” akcionerlik kompaniyasi’ aktivlerinin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw ha’m wolardi’ finansli’q yesabatda ko’rsetiw……….………………55

**III-bap** boyi’nsha juwmaqlaw………………………………………………63

Juwmaqlaw…………………………….…………………………………64

Qosi’msha……………………………………………………………..68

Paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi……………...…………………………73

# K I R I S I W

**Magistrlik dissertaciyani'n' aktualli'g'i'.** O'zbekistan Respublikasi' bazar ekonomikasi'na wo'tiwi ha'm belsene ra'wishte si'rtqi' ekonomikali'q xi'zmetti ali'p bari'wi' ka'rxanani'n' aldi'na bir qansha jan'a wazi'ypalardi' qoymaqta. Soni'n' ishinde, ma'mleketler arali'q ekonomikali'q qatnasi'qlardi'n' ken'eyiwi buxgalteriya yesabi' wazi'ypasi'na ekonomikali'q informaciya menen ta'miyinlew usi'llari'ni'n' uli'wmali'g'i'n ta'miyinlew za'ru'riyatin tuwdi'radi'. Birlesken Milletler sho'lkemi qasi'nda 1973-ji'l 29-iyunda bir qansha rawajlang'an ma'mleketlerdin' kelisiwine muwapi'q xali'qarali'q yesap standartlari' komiteti du'zildi. Usi' komitet ta'repinen islep shi'g'i'lg'an xali'qarali'q yesap standartlari' ja'han ma'mleketleri a'meliyati'nda ken' qollani'lmaqta.

Respublikamizdi'n' wo'z g'a'rezsizligin qolg'a kiritiwi ha'm bazar ekonomikasi' ta'repke jol tuti'wi' ja'han ma'mleketleri ta'repinen qi'zg'i'n ku'tip ali'ndi'. Bul bolsa ta'biyg'i'y ra'wishte ekonomikali'q baylani'slardi' ja'nede ken'eytiriwge sha'rt-sharayat jarati'p beredi. Ja'han a'meliyati'nda ka'rxanalar ha'm firmalar wortasi'ndag'i' ekonomikali'q qatnasi'qlardi' a'melge asi'ri'w sha'rtnamalarg'a tiykarlanadi'. Sha'rtnama du'ziw ushi'n bolsa yen' aldi'n xojali'qti'n' ekonomikali'q jag'dayi' haqqi'ndag'i' informaciyag'a iye boli'wi' kerek. Bul informaciya xojali'q ju'ritiwshi subiektlerdin' finansli'q yesabatlari' yesaplanadi. Yesabatlar xali'qarali'q standartlar talabi'na juwap beriwi lazi'm.

Magistrlik dissertaciya temasi' "Finansli'q yesabatta ka'rxana aktivlerinin' qa'dirsizleniwi haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlardi' ashi'p beriw mashqalalari' ha'm wolardi' sheshiw jollari' " dep atali'p, dissertaciyani'n' aktualli'g'i' bul- finansli'q yesabatlardi'n' xali'qarali'q standartlari'ni'n' 36-sanli' standarti' "aktivlerdin' qa'dirsizleniwi" O'zbekistanda bul standart yengizilmegenligi temani'n' aktualli'g'i'n ko'rsetip beredi. Soni'n' menen birge O'zbekistanda xojali'q ju'ritiwshi subiektlerde aktivlerdin' qa'dirsizleniw jag'daylari' ju'da' ko'p ushi'rasadi'.

Qa’dirsizleniw-bul yeskiriw, tozi’w, amortizaciya tu’siniklerinen basqa tu’sinik boli’p, yag’ni’y aktivtin’ qa’dirsizleniwi-bul a’piwayi’ so’z benen aytqanda aktivtin’ bazar bahasi’ni’n’ balanstag’i’ summasi’nan to’menlep ketiwi ha’m qayta tikleniwi ku’tilmeydi ha’m wortadag’i’ parq qa’dirsizleniwden ko’rilgen zi’yan boli’p yesaplanadi’.

O’zbekistan Respublikasi’ 2014-ji’lg’i’ tiykarg’i’ makro ekonomikali’q ko’rsetkishleri prognozi’ ha’m ma’mleket byudjeti parametrleri haqqi’ndag’i’ O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ qarari’nda mikrofirmalar ha’m kishi ka’rxanalar ushi’n tiykarg’i’ qurallardi’ ha’r ji’li’ ma’jbu’riy qayta bahalaw biykar yetilip, woni’ ha’r 3 ji’lda bir ma’rte wotkeriw belgilep qoyi’lg’an.

**Magistrlik dissertaciyani’n’ u’yrenilgenlik da’rejesi.** Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi haqqi’nda tiykari’nan shet yel a’debiyatlari’nan paydalani’ldi’. Mi’sali’ : MSFO (IAS) 36 Обесценение активов (Impairment of Assets), Агеева, О. А. Международные стандарты финансовой отчетности :
учеб. пособие / О. А. Агеева. – М. : Изд-во «Бухгалтерский учет» Impairment of Financial Assets Contributors: Florian Becker - Author. Д.В. Тихомиров – кандидит экономических наук, докторант кафедры финансов СПбГУЭФ. «Отражение обесценения активов в финансовой отчетности компаний: вопросы методологии и тенденции 2008-2010 гг.» Bul a’debiyatlarda shet yel ilimpazlari’ ha’m a’meliyatshi’lari’ aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw jollari’n ha’m wolardi’n’ aldi’n ali’w boyi’nsha wo’z usi’ni’slari’n ko’rsetken ha’m a’lbette bularg’a qosi’msha retinde O’zbekistan Respublikasi’ normativ –huqi’qi’y hu’jjetlerinen paydalani’ldi’. Mi’sali’:

1. O’zbekistan Respublikasi «Xususiy korxonalar tug’risida»gi Qonuni. 11-dekabr 2003-yil (uzgartirish va qushimchalar bilan).

2. O’zbekiston Respublikasi Prezidentining «Xujalik boshqaruvi organlari tizimini takomillashtirish tug’risida»gi 2003 yil 22 dekabrdagi PF-3366-sonli Farmoni.

3. O’zbekiston Respublikasi Prezidentining 2005-yil 14 martdagi «2005-2006-yillarda korxonalarni davlat tasarrufidan chiqarish va xususiylashtirish

dasturi tug'risida»gi PQ-29-sonli Qarori.

**Magistrlik dissertaciyani'n' maqseti**: O'zbekistan Respublikasi' ekonomikasi'ni'n' tiykarg'i' buwi'ni' bolg'an ka'rxana aktivlerinin' qa'dirsizleniwin yesaplaw jollari'n islep shi'g'i'w ha'm wolardi' sheshiw jollari'n izertlew arqali' ka'rxanalardi'n' bankrot jag'dayi'na tu'siwinin' aldi'n ali'w, ka'rxanalardi'n' ha'reketin, tiykarg'i' ko'rsetkishlerin jetilistiriwden ibarat.

**Magistrlik dissertaciyani'n' wazi'ypalari'**. Usi' maqsetke yerisiw ushi'n to'mendegi wazi'ypalardi' wori'nlawi'mi'z tiyis.

- ka'rxana aktivlerin klassifikaciyalaw, qayta bahalaw

- ka'rxana aktivlerinin' qa'dirsizleniwin 36-sanli' buxgalteriya yesabi' xali'qarali'q standartlari' tiykari'nda yesaplaw jollari'n islep shi'g'i'w

- ka'rxana aktivlerinin' qa'dirsizleniwinin' aldi'n ali'w jollari'n islep shi'g'i'w ha'm woni' a'meliyatta si'naw

**Magistrlik dissertaciyani'n' obiekti** boli'p, «O'zbektelekom» akcionerlik kompaniyasi' yesaplanadi'.

**Magistrlik dissertaciyani'n' predmeti** «O'zbektelekom» akcionerlik kompaniyasi' finansli'q yesabatlari' mag'li'wmatlari'nan ibarat.

**Magistrlik dissertaciya usi'llari'.** Aktivlerdin' qa'dirsizleniwin yesaplawda tiykari'nan statistikali'q, ekonomikali'q, matematikali'q, ilimiy-teoriyali'q, modellestiriw usi'llari'nan paydalani'ldi'. Al wolardi'n' aldi'n ali'w boyi'nsha yamasa sheshiw mashqalari' boyi'nsha tiykari'nan boljaw, analiz, sintez, usi'llari'nan paydalani'ldi'.

**Magistrlik dissertaciyani'n' ilimiy jan'ali'g'i'**

- ka'rxana aktivlerinin' qa'dirsizleniwin yesaplawdi'n' jan'a usi'llari' usi'ni's yetilgen.

- ka'rxana aktivlerinin' qa'dirsizleniwin 36-sanli' buxgalteriya yesabi' xali'qarali'q standartlari' tiykari'nda yesaplaw jollari' tiykarlang'an.

- ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwinin’ aldi’n ali’w jollari’ islep shi’g’i’lg’an.

**Magistrlik dissertaciyani’n’ ilimiy ha’m a’meliy a’hmiyeti.** Izertlew na’tiyjelerinin’ a’hmiyeti bul xojali’q ju’ritiwshi subiektlerde aktivlerdin’ qa’dirsizleniwinen ko’rip ati’rg’an zi’yanlardi’ azayti’w yamasa joq yetiwge wo’z u’lesin qosadi’.

Magistrlik dissertaciyani’n’ ilimiy juwmaqlari’ ha’m a’meliy usi’ni’slari’nan joqari’ woqi’w wori’nlari’nda «Buxgalteriya yesabi’ni’n’ xali’qarali’q standartlari’», «Buxgalteriya yesabi’ni’n’ milliy standartlari’», «Finansli’q yesabat» pa’nlerin woqi’ti’wda paydalani’w mu’mkin.

**Magistrlik dissertaciyani’n’ tiykarg’i’ ma’seleleri**

- ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwin 36-sanli’ buxgalteriya yesabi’ xali’qarali’q standartlari’ tiykari’nda yesaplaw jollari’ islep shi’g’i’ldi’.
- ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwinin’ aldi’n ali’w ilajlari’ islep shi’g’i’ldi’ ha’m woni’ a’meliyatta si’naw usi’ni’ldi’.

**Magistrlik dissertaciyani’n’ du’zilisi ha’m ko’lemi.** Dissertaciya jumi’si’ kirisiw, u’sh bap, juwmaqlaw, paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi, 14 keste ha’m 2 qosi’mshadan ibarat boli’p, ko’lemi 78 betti quraydi’.

## I bap.Ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwinin’ teoriyali’q tiykarlari’

### 1. Ka’rxana aktivleri ha’m wolardi’ klassifikaciyalaw

Professional til menen aytqanda aktivler-bul wo’tip ketken qatnasi’qlar ha’m ha’diyseler na’tiyjesinde xojali’q subekti ta’repinen qadag’alanatug’i’n ekonomikali’q resurslar boli’p, wolar keleshekte payda keltiriwi mu’mkin.

Yendi usi’ aniqlamag’a mi’sal keltireyik. Qanday da bir subekt wo’z qarji’lari’nan paydalani’p isbilermenlik ha’reketin baslamaqshi’. Yag’ni’y subektte 1 mln sum pul bar . Jumi’s baslaw ushi’n 1 mln sumg’a sawda du’kani ha’m sati’w maqsetinde tovarlar sati’p aldi’. Subekt jumi’s baslag’an ku’ni to’mendegi mag’li’wmatlarg’a iye bolami’z:

Sawda du’kani-0,8 mln. sum

Tovarlar - 0,2 mln. sum

Subekttin’ kapitali- 1 mln. sum

Subekt 0.2 mln sumli’q tovarlardi’ 1 ay dawami’nda 0.3 mln sumg’a satti’. Yendi subekttin’ isbilermenlik ha’reketindegi mag’li’wmatlar to’mendegishe boladi’:

| | |
|---|---|
| Sawda du’kani - 0,8 mln. sum | Subekttin’ kapitali 1 mln. sum |
| Naq pul- 0,3 mln.sum | Payda 0,1 mln.sum |

Demek subekttin’ pullari’ aktivlesip, subektke payda keltire baslaydi’. Yeger subekt pullari’n hesh na’rsege paydalanbay, isbilermenlik penen shug’i’llanbay qaltasinda saqlap turg’ani’nda, pullar subekt ushi’n payda keltirmegen, xizmet yetpegen bolar yedi, yag’ni’y aktivlespey “passiv” jag’dayi’nda bolg’an bolar yedi. Sonli’qtan da xojali’q juritiwshi subektler ushi’n za’ru’r bolg’an imarat, pul qarji’lari’, materiallar, tovarlar si’yaqli’ ekonomikali’q resurslar **aktivler** dep ataladi’.

Yendi joqari’dag’i’ mag’li’wmatlardi’ usi’ juwmaqqa tiykarlani’p, to’mendegishe ko’rsetemiz:

1-keste

| **AKTIV** | | **PASSIV** | |
|---|---|---|---|
| Sawda du'kani | 0.8 mln | Kapital | 1.0 mln |
| Naq pul | 0.3 mln | Payda | 0.1 mln |
| **Ja'mi** | **1.1 mln** | **Ja'mi** | **1.1 mln** |

Aktivlerdi tu'siniwimiz ushin to'mendegilerge ayri'qsha itibar qarati'wi'mi'z kerek:

1) Wo'tip ketken qatnasi'qlar ha'm xa'diyseler na'tiyjesinde payda bolg'an
2) Xojali'q subekti ta'repinen qadag'alani'latug'i'n
3) Keleshekte payda keltiriwi mu'mkin bolg'an ekonomikali'q resurslar

*Ekonomikali'q resurslar wo'tip ketken qatnasi'qlar ha'm xa'diyseler na'tiyjesinde g'ana payda bolsa wolar xojali'q jurgiziwshi subekttin' aktivleri yesaplanadi'.* Wo'tip ketken qatnasi'qlar ha'm xa'diyseler na'tiyjesinde ekonomikali'q resurslardi'n' payda boli'wi' hu'jjetler arqali' ani'qlanadi'. Mi'sali': firma ati'na jazi'lg'an tiykarg'i' quraldi' qabi'l qi'li'w tapsi'ri'w da'lalatnamasi', tovarlar boyi'nsha mal jetkerip beriwshi ta'repinen jazi'lg'an ha'm tovarlar ali'wshi' ta'repinen tovar qabi'l yetilgenligi haqqi'ndag'i' qol qoyi'lg'an ju'k xatlari', kassag'a kiris yetilgen kassa kiris orderleri h.t.b. Ani'qli'q kiritiw ushi'n to'mendegi jag'daylardi' ko'rip shi'g'ayi'q:

1-jag'day: Jeke firmag'a jumi'sshi'larg'a xi'zmet ko'rsetiw ushi'n avtomobil sati'p ali'ndi'. Firma avtomobil sati'wshi' ta'rep penen sha'rtnama du'zdi, sha'rtnamadag'i' summani' to'ledi, berilgen da'lalatnamag'a tiykarlani'p avtomobildi qabi'l yetip aldi'. Demek usi' avtomobil firma ushi'n tiykarg'i' qural, yag'ni'y aktiv dep qabi'l yetildi.

2-jag'day: Jeke firma iyesi wo'zi jeke paydalani'w ushi'n avtomobil sati'p aldi' ha'm sati'p ali'wda firma ati'nan hesh qanday hu'jjet rasmiylestirilmedi. Bul avtomobil firma iyesine tiyisli, biraq firma ushi'n aktiv yesaplani'lmaydi'.

*-tek g'ana xojali'q ju'rgiziwshi subekt ta'repinen qadag'alani'latug'i'n ekonomikali'q resurslar woni'n' aktivi yesaplani'ladi'.* Joqari'dag'i' jag'day bug'an mi'sal bola aladi'. Joqari'dag'i' 1-jag'dayda aktiv firmag'a qabi'l yetilgeni ushi'n, aktiv firmani'n' qadag'alawi'nda yag'ni'y amortizaciyasi', sati'li'w qusag'an barli'q jag'daylar firma ta'repinen qadag'alani'ladi', yag'ni'y firmani'n' qadag'alawi'nda, baqlawi'nda boladi'.

*–tek g'ana keleshekte payda keltiriwi mu'mkin bolg'an ekonomikali'q resurslar g'ana aktivler yesaplani'ladi'.* Yag'ni'y wolar paydalani'wg'a jaramli' bolsa aktiv boli'p yesaplani'ladi'. Mi'sali': Ekonomikali'q resurslarg'a materiyallar ha'm kiredi. Quri'li's ka'rxanasi'ni'n' sklati'nda 1000 bankada boyaw bar dep woylayi'q. Buxgalterge bankalardi'n' 100 danasi' saqlani'w mu'ddeti tamamlang'anli'g'i' sebebinen jaramsi'z boli'p qalg'anli'g'i' haqqi'nda mag'li'wmat berildi. Demek, ka'rxananni'n' resurslari' 100 bankag'a kemeydi. Yag'ni'y banka ko'rinisindegi aktivler 900 danadan ibarat.

Aktivlerdi tiykari'nan **uzaq mu'ddetli** ha'm **aylani'stag'i' aktivler** dep ayi'ri'p uyrenemiz.

**Uzaq mu'ddetli aktivler:**

Uzaq mu'ddetli aktivlerge tiykarg'i' qurallar, materiyalli'q yemes aktivler, uzaq mu'ddetli investiciyalar, wornati'latug'i'n u'skenenler, kapital qoyi'lmalar, uzaq mu'ddetli debitorli'q qari'zlar ha'm mu'ddeti keshiktirilgen uzaq mu'ddetli qa'rejetler kiredi.

**Tiykarg'i' qurallar-** bul ka'rxana ta'repinen uzaq mu'ddet dawami'nda xojali'q iskerligin ju'ritiwde wo'nim islep shi'g'ari'w, jumi'slardi' worinlaw yamasa xi'zmetler ko'rsetiw procesinde adminstrativlik ha'm saciyal ma'deniy wazi'ypalardi' a'melge asi'ri'w maqsetinde paydalani'w ushi'n uslap turi'latug'in materiyalli'q aktivler boli'p yesaplani'ladi'. Tiykarg'i' qurallardi'n' yesabi' O'zbekstan Respublikasi 5-sanli' Buxgalteriya yesabi'ni'n Milliy standarti'nda ko'rsetilgen. (BYeMS). Al Finansli'q Yesabatti'n Xaliq Araliq Standarti'nda (FYeXS) 38 –sani'nda ko'rsetilgen.

5-sanli’ BYeMS boyi’nsha tiykarg’i’ qurallar qurami’na to’mendegi wo’lshemlerge juwap beretug’i’n materiyalli’q aktivler kiredi.

a) Xi’zmet qi’li’w mu’ddeti bir ji’ldan arti’q

b) Bir birlik ushi’n bahasi’ O’zbekstan respublikasi’ (sati’p ali’w waqti’nda) belgilengen yen’ kem ayli’q is haqi’ni’n’ 50 barabari’nan arti’q bolg’an buyi’mlar.

Ka’rxana basli’g’i’ yesabat ji’li’nda buyi’mlardi’ tiykarg’i’ qurallar qurami’na ali’w ushi’n wolardi’n’ bahasi’ni’n’ yen’ kem shegarasi’n belgilewge haqi’li’.

Xi’zmet mu’ddeti ha’m bahasi’na qaramastan to’mendegiler tiykarg’i’ qurallar qurami’na kiritilmeydi.

A) Arnawli’ a’spab ha’m u’skeneler

B) Arnawli’ ha’m sanitariya kiyim-kenshekleri, arnawli’ ayaq kiyimler

C) Ko’rpe-to’sek buyi’mlari’

D) Jazi’w-si’ziw buyi’mlari’ (kalkulyatorlar, stol u’stine qoyi’latug’i’n a’spaplar ha’m basqalar)

E) Asxana buyi’mlari’

F) Quri’li’s-montaj jumi’slari’ni’n’ wo’zine tu’ser bahasi’na kiritiletug’i’n waqi’tsha quri’lmalar

G) Keminde bir ji’lli’q paydalani’w mu’ddeti’ne iye bolg’an almasti’ri’latug’i’n u’skeneler

H) Aw qurallari’

Tiykarg’i’ qurallar qurami’na hu’jjetlerge muwapi’q ka’rxana mu’lkine wo’tkerilgen jer maydanlari’ ha’m kiredi.

Tiykargi’ qurallardi’n’ buxgalteriya yesabi’ birligi boli’p inventar obiekti yesaplanadi’. Tiykargi’ qurallardi’n’ inventar obiekti si’pati’nda barli’q quri’lma ha’m u’skenlerge iye bolg’an obiekt yamasa belgili bir g’a’rezsiz wazi’ypalardi’ wori’nlaw ushi’n arnalg’an arnawli’ konstruktiv buyi’mlardi’n’ arnawli’ birligi ta’n ali’nadi’. Konstruktiv buyi’mlardi’n’ arnawli’ birikpesi – bul ortali’q quri’lmalarg’a ha’m u’skenelerge, uli’wma basqari’wg’a iye, birge quri’lg’an,

na'tiyjede birikpege kiriwshi ha'r bir buyim wo'z wazi'ypasi'n g'arezsiz yemes, al tek g'ana birikpe qurami'nda worinlay alatug'i'n bir yamasa bir neshe buyi'mlar yesaplanadi'.

Yegerde bir tiykarg'i' quralda paydali' paydalani'w mu'ddeti ha'r qi'yli' bolg'an bir neshe g'arezsiz obiektler bar bolg'an jag'dayda ha'r bir obiekt wo'z aldina buxgalteriya yesabinda g'arezsiz inventar obiekt sipatinda ta'n ali'nadi'.

To'mendegi jag'daylarda tiykarg'i' qurallar aktiv si'pati'nda ta'n ali'nadi':

a) Keleshekte aktivtin' ka'rxanag'a ekonomikali'q payda ali'p keliwine isenim bar bolsa.
b) Aktivtin' bahasi'n ani'q bahalaw mu'mkin bolsa.

**Materiyalli'q yemes aktivler-** bul ka'rxana bul aktivlerden wo'ndiriste, jumislardi' worinlawda, xi'zmetler ko'rsetiwde yamasa tovarlardi' sati'wda ha'm basaqada funktsiyalardi' atqarti'w maqsetinde uzaq mu'ddet dawami'nda uslap turi'latug'i'n, materiyalliq mazmung'a iye bolmag'an mal-mu'lik obiektleri boli'p yesaplanadi'.

Materiyalli'q yemes aktivlerdin' yesabi' O'zbekstan Respublikasi 7-sanli' Buxgalteriya yesabi'ni'n Milliy standarti'nda ko'rsetilgen. (BYeMS). Al Finansli'q Yesabatti'n Xaliq Araliq Standartinda (FYeXS) 38 –sani'nda ko'rsetilgen.

7-sanli' BYeMS boyi'nsha materiyalli'q yemes aktivler qurami'na to'mendegi wo'lshemlerge juwap beretug'i'n materiyalli'q aktivler kiredi.

Materiylli'q yemes aktivlerdi'n' ko'rinisi aktivden xojali'q iskerliginde paydalani'wi' ha'm wol materiyalli'q ko'riniske iye bolmawi'n talap yetedi. Materiyalli'q ko'riniske iye bolmag'an (aqsha qarji'lari' ko'rinisinde bolmag'an) aktivler, yegerde yuridik ni'zamlar, sonin' ishinde mu'lk huquqi' menen wo'z ara qatnasi'qta boli'wi' mu'mkin bolg'an ha'm wolardan uzaq mu'ddet dawami'nda paydalang'an jag'dayda materiyalli'q yemes aktivler ko'rinisine juwap beredi.

Aktivlerdi buxgalteriya yesabi'na materiyalli'q yemes aktivler si'pati'nda qabi'llawda bir waqi'tti'n' wo'zinde to'mendegi sha'rtler wori'nlani'wi' kerek:

a) materiyalli’q ko’riniske iye bolmag’an

b) aktivlerden wo’ndiriste, jumislardi’ worinlawda, xi’zmetler ko’rsetiwde yamasa tovarlardi’ sati’wda ha’m basaqada funktsiyalardi’ atqarti’w maqsetinde uzaq mu’ddet dawami’nda uslap turi’latug’i’n, yag’niy 12 aydan arti’q mu’ddet bolsa, a’piwayi’ operatsion tsikl dawami’nda paydalanilsa. Bunda aktivtin’ bahasi’ bir birlik (komplekt) ushi’n O’zbekstan Respublikasi’nda belgilengen (sati’p ali’w waqti’nda) en’ kem is haqi’ mug’dari’ni’n’ 50 esesinen kem bolmawi’ kerek. Ka’rxana basli’g’i materiyalli’q yemes aktivler qurami’na kirgiziw ushi’n materiyalli’q yemes aktivlerdin’ en’ kem mug’dari’n belgilew huqi’qi’na iye.

v) ka’rxana usi’ aktivti keyin qayta sati’wdi’ rejelestirmeydi.

g) isenimlilik, yag’ni’y ka’rxanada aktivtin’ huquqin tasti’yi’qlawshi’ tiyisli ra’wishte ra’smiylestirilgen hu’jjetler (patentler, guwaxnamalar, basqada hu’jjetler, patent, tovar belgisinen waz keshiw (sati’p ali’w) sha’rtnamasi’) din’ bar boli’wi’.

d) identifikaciyalaw imkaniyati’

Materiyalli’q yemes aktivlerge to’mendegi obiektler kiritiliwi mu’mkin:

a) oylap tabi’li’wlar, sanaat birlikleri, ha’m paydali’ modellerge berilgen avtorli’q huquqlar

b) kompyuter programmalari’ ha’m mag’li’wmatlar bazalari’na bolg’an avtorli’q huquqi’

c) integral mikrosxemalari’ni’n’ topologiyalari’na bolg’an avtorli’q huquqi’

d) tovar belgisi ha’m xi’zmet ko’rsetiw begisine bolg’an avtorli’q huquqi’, sonday-aq wo’ndiris worni’nan paydalani’w huquqi’

e) selektsiya jen’impazlig’i’ ushi’n berilgen avtorli’q huquqi’

f) gudvill

g) ta’biyiy resurslardan paydalani’w huquqi’, yag’ni’y jer asti’ bayli’qlari’, a’tiraptag’i’ basqa resurslar, a’tirap haqqi’nda geologikha’m basqada mag’li’wmatlardan paydalani’w huqi’qi’

h) jer maydanlari’nan paydalani’w huquqi’

**Aylanistag’i’ aktivler**ge tovar-materiyalli’q zapaslar, kelesi dawir qarejetleri, mu’ddeti keshiktirilgen qa’rejetlerdin’ aylani’stag’i’ bo’limi, debitorli’q qari’zlari’, pul qarji’lari’, qisqa mu’ddetli finansli’q qoyi’lmalar ha’m basqa aylani’stag’i’ aktivler summalari’ kiredi.

*Tovar-materiyalliq zapaslar –* bul keyninen sati’w maqsetinde normal iskerlik ju’ritiw dawami’nda uslap turi’latug’i’n ha’m islep shig’ari’w protsesinde payda bolg’an, sonday-aq o’nim islep shig’ari’w, jumi’slardi’ wori’nlaw yamasa xizmet ko’rsetiw protsesinde adminstrativlik ha’m satsiyal ma’deniy wazi’ypalrdi’ a’melge asi’ri’w ushi’n paydalani’latug’i’n materiyalli’q aktivler.

Tovar materiyalli’q zapaslardi’n’ yesabi’ O’zbekstan Respublikasi 4-sanli’ BYeMS da ko’rsetilgen. Al FYeXS (IAS) 2 –sani’nda ko’rsetilgen.

Tovar materiyalli’q zapaslar ka’rxanalarda to’mendegi ko’riniste boli’wi’ mu’mkin:

a) wo’nim islep shi’g’ari’w, jumi’slardi’ wori’nlaw ha’m xi’zmetler ko’rsetiw, wo’ndiriske xizmet ko’rsetiw,adminstrativlik talaplar ha’m basqa maqsetler ushi’n arnalg’an shiyki zat ha’m materiyallar, sati’p ali’natug’i’n yari’m tayar tovarlar, jani’lg’i’, i’di’s, ha’m i’di’sqa uqsas materiyallar, awi’si’q bo’lekler, inventar ha’m xojali’q a’spaplari’, basqa da materiyall’q zapaslar

b) bag’i’wdag’i’ ha’m jaylawdag’i’ jas haywanlar, u’lken jastag’i’ haywanlar, pal ha’rreleri, sati’w ushi’n padadag’i’dan ti’sqari’ bolg’an u’lken jastag’i’ qaramallar, sati’w ushi’n shetten ali’ng’an qaramallar:

c) ka’rxanada tayarlang’an tayar wo’nimler

d) basqa yuridik yamasa fizikali’q ta’replerden sati’p ali’ng’an ha’m ka’rxana sol tovardi’ qayta islemey sati’w yamasa qayta sati’w ushi’n arnalg’an tovarlar. Bunday jag’dayda uzaq mu’ddetli aktivler obiektleri (imaratlar, transport qurallari’, mu’lk huquqlari’ ha’m basqalar) keyninen sati’w yamasa qayta sati’w maqsetinde sati’p ali’nsa uzaq mu’ddetli aktivler obiektleri tovarlar boli’p yesaplani’ladi’.

Inventar ha’m xojali’q a’spaplari’ qurami’na to’mendegi wo’lshemlerdin’ birine juwap beretug’i’n aktivler kiredi:

a) xi’zmet mu’ddeti 1 ji’ldan arti’q bolmag’an;

b) xi’zmet mu’ddetine qaramastan bir birlik bahasi’ sati’p ali’w waqti’nda O’zbekstan Respublikasi’nda belgilengen en’ kem is haqi’ni’n’ 50 esesinen arti’q bolmag’an buyi’mlar kiredi. Ka’rxana basli’g’i’ yesap siyasati’nda wolardi’ inventar ha’m xojali’q aspaplari’ qurami’na yesapqa ali’w ushi’n a’spaplar bahasi’nin’ bunnanda to’men shegarasi’n belgilew huqiqina iye.

Xi’zmet mu’ddeti ha’m bahasi’na qaramastan inventar ha’m xojali’q a’spaplari’ qurami’na to’mendegiler kiredi.

a) Arnawli’ a’spap ha’m quri’lmalar ;

b) Arnawli’ ha’m sanitariya kiyimleri, arnawli’ yetikler;

c) Ko’rpe to’sekler;

d) Jazi’w – si’zi’w qurallari’ (kalkulyatorlar, stol u’stine qoyi’latug’i’n a’spaplar h.t.b);

e) Asxana inventari’, sonday-aq dasturxanlar

f) Wolardi’ quri’w qarejetleri quri’li’s montaj jumi’slari’ni’n’ wo’zine tu’ser bahasi’na kiritiletug’i’n waqi’tsha (titulda bolmag’an) quri’li’slar ha’m quri’lmalar

g) Paydalani’w mu’ddeti bir ji’ldan kem bolg’an almasti’ri’latug’i’n u’skeneler;

h) Awlaw qurallari’

Tovar-materiyalli’q zapaslar to’mendegi jag’daylarda aktiv si’pati’nda ta’n ali’nadi’ :

a) Ka’rxana keleshekte usi’ aktivten ekonomikali’q payda ali’wdi’ go’zlese

b) Aktiv bahasi’n isenimli bahalaw mu’mkin bolsa

c) Wolardin’ mu’lk huquqi’ ka’rxanag’a wo’tse

Tovar-materiyalli’q zapaslar to’mendegi jag’daylarda ka’rxanani’n’ buxgalteriya balansi’na aktiv si’pati’nda kirgiziledi:

a) Jetkerip beriw (aldi’-satti’) sha’rtnamasi’ boyi’nsha sati’p ali’nsa;

b) Sho’lkemlestiriwshilerden ka’rxanani’n’ ustav kapitali’na u’les si’pati’nda kelip tu’sse

c) Biypul kelip tu’sse

d) Uzaq mu’ddetli aktivler qurami’nan shi’g’ari’w

e) Arti’qsha (yesapqa ali’nbag’an) tovar-materiyalli’q zapaslar ani’qlansa

f) Aldi’n berilgen tovar qari'zi’ni’n’ qaytari’li’wi’ yamasa tovar qari’zi’ ali’nsa

g) Ka’rxananin’ wo’zinde tayarlansa

h) Yesabat dawiri aqi’ri’nda tamamlanbag’an ha’m tamamlanbag’an wo’ndiriste yesapqa ali’natug’i’n jumi’slardi’ wori'nlaw ha'm xi'zmetler ko'rsetilse.

O’zbekstan Respublikasi’ Finans ministrliginde 1998-ji’l 27-avgustta 44-san menen tasti’yi’qlang’an O’zbekstan Respublikasi’ni’n’ Buxgalteriya yesabi’ milliy standarti’ (4-san BYeMS) “Tovar-materiyalli’q zapaslar” ina (dizim nomeri 486, 1998-ji’l 28-avgust, “O’zbekstan Respublikasi’ ministrlikleri, ma’mleketlik sho’lkemler ha’m mekemelerdin’ hujjetler axborotnamasi’”, 1999-ji’l, 5-san) muwapi’q tovar-materiyalli’q zapaslarg’a to’mendegiler kiredi:

a) wo’ndiriste yamasa jumi’slardi’ wori’nlawda ha’m xi’zmetler ko’rsetiwde paydalani’w ushi’n tiykarlang’an shiyki zat, sati’p ali’natug’i’n yari’m tayar wo’nimler, jani’lg’i’, i’di’s, awi’si’q bo’lekler, inventar ha’m xojali’q aspaplari’, basqa da materiyallar zapaslari’, bag’i’wdag’i’ haywanlar, materiyallardi’ tayarlaw ha’m sati’p ali’w boyi’nsha qarejetlerdi wo’z ishine alatug’i’n islep shi’g’ari’w zapaslari’;

b) tamamlanbag’an tiykarg’i’ wo’ndiris, yari’m tayar tovarlar, tamamlanbag’an ja’rdemshi ha’m basqa wo’ndirisler, wo’ndiristegi brakti’ wo’z ishine alatug’i’n tamamlanbag’an wo’ndiris

c) tayar wo’nim

d) tovarlar

Aktivlerdin’ aylani’w tezligi ha’m xojali’q protsesindegi xarakteri boyi’nsha ka’rxana aktivleri to’mendegishe boli’p bo’linedi:

a) Aylani’stag’i’ aktivler, esabattag’i’ wo’ndiris operacion-komerciyali’q iskerligine xi’zmet ko’rsetedi ha’m bir islep shi’g’ari’w komerciyali’q cikldа toli’q paydalani’ladi’.

b) Aylani’wdan ti’sqari’ bolg’an aktivler

Iskerliktin’ arnawli’ ko’rinislerine xi’zmet ko’rsetiw xarakteri boyi’nsha ka’rxana aktivleri to’mendegishe boladi’.

*a) Operacion aktivler.* Wolar operacion payda ali’w maqsetinde ka’rxanani’n’ wo’ndiris – komerciyali’q iskerliginde jumsalatug’i’n mu’lk formasi’ndag’i’ bayli’qlardi’n’ ji’yi’ndi’si’n an’latadi’.

Operacion aktivlerge to’mendegiler kiredi:

- Wo’ndiristegi tiykarg’i’ qurallar
- Operacion proceske xi’zmet qi’li’wshi’ materiyalli’q yemes aktivler
- Aylani’stag’i’ operacion aktivler

b) *Investicion aktivler.* Bular ka’rxanani’n’ investicion iskerligin a’melge asi’ri’w menen toli’q baylani’sli’ bolg’an mu’lk formasi’ndag’i’ bayli’qlar ji’yi’ndi’si’n wo’z ishine aladi’. Investicion aktivler qurami’ to’mendegilerden ibarat:

- tamamlanbag’an kapital qoyi’lmalar;
- montajg’a mo’lsherlengen qoyi’lmalar;
- uzaq mu’ddetli finansli’q qoyi’lmalar
- qi’sqa mu’ddetli finansli’q qoyi’lmalar

Aktivlerdi qa’liplestiriwde finansli’q dereklerdin’ xarakteri boyi’nsha ka’rxana aktivleri to’mendegi ko’riniste boladi’.

*a) Jalpi’ investiciya*. Wo’zinin’ ha’m qari’z kapitali’ yesabina quri’lg’an ka’rxananin’ mu’lk formasindag’i’ bayli’qlari’ (aktivleri) ni’n’ barli’q ji’yi’ndi’si’n wo’z ishine aladi’.

*b) Sap aktivler*. Ka'rxanani'n' tek g'ana wo'z kapitali' yesabi'na du'zilgen, mu'lk formasi'ndag'i' bayli'qlari' (aktivleri) ni'n' bahali'q ji'yi'ndi'si'n xarekterleydi.

Aktivlerge iyelik qi'li'w xarakteri boyi'nsha ka'rxana aktivleri to'mendegi ko'riniste boladi':

*a) Wo'z aktivleri.* Bug'an ka'rxanani'n' uli'wma qarawi'nda bolg'an ha'm woni'n' balansi' qurami'ndag'i' aktivler kiredi;

b) *Ijarag'a ali'ng'an aktivler.* Bularg'a qarar tiykari'nda ijara (lizing) sha'rtnamsi' boyi'nsha ka'rxana qurami'nda waqi'tsha turg'an aktivler kiredi.

Aktivlerdin' likvidlik da'rejesi boyi'nsha ka'rxana aktivleri to'mendegi ko'riniste boladi':

a) *Absolyut likvid formasi'ndag'i' aktivler.* Wolarg'a realizaciya talap yetilmeytug'i'n ha'm to'lemlerdi'n' tayar deregin wo'zinde sa'wlelendiriwshi aktivler kiredi. Mi'sali': milliy valyutadag'i' pul qarji'lari', shet yel valyutasi'ndag'i' pul qarji'lari' h.t.b.

*b) Joqari' likvidli aktivler.* Wolarg'a yesabattag'i' finansli'q qari'zlar boyi'nsha to'lemlerdi wo'z waqti'nda ta'miyinlew maqsetinde pul formasi'na bazar bahasi'n jog'altpastan, aylanatug'i'n aktivler gruppasi' kiredi. Misali': qi'sqa mu'ddetli finansli'q qoyi'lmalar ha'm qi'sqa mu'ddetli debitorli'q qari'zlar.

c) *Wortasha likvidli aktivler*. Bularg'a wo'z bazaar bahasi'n hesh qanday jog'alti'wsi'z bir aydan alti' ayg'a shekem mu'ddette pul formasi'n konverserleytug'i'n aktivler kiredi. Mi'sali': qi'sqa mu'ddetli qari'zlar ha'm realizatsiyag'a mo'lsherlengen tayar wo'nim zapaslari'nan ti'sqari' debitorli'q qari'zlardi'n' barli'q formalari' kiredi.

d) *Ku'shsiz likvidli aktivler.* Wolarg'a belgili waqi't da'wiri tamamlang'annan keyin wo'zinin' ha'zirgi bazar bahasi'n hesh qanday jog'alti'wsi'z pul formasi'na konverserleytug'in aktivler kiredi (yari'm ji'l ha'm wonnan joqari'). Mi'sali': shiyki zat ha'm yari'm fabrikatlar zapaslari',

tamamlanbag'an kapital qoyi'lmalar, montajg'a mo'lsherlengen quri'li'slar, materiyalli'q yemes aktiv, uzaq mu'ddetli finansli'q qoyi'lmalar.

e) *Likvidli bolmag'an aktiv.* Bul gruppag'a wo'zleri g'a'rezsiz sati'li'w imkaniyati'an iye bolmag'an ka'rxana aktivleri kiredi. Mi'sali':

- u'mitsiz debitorli'q qari'zlar
- kelesi da'wir qarejetleri
- yesabattag'i' ha'm wo'tken ji'ldag'i' zi'yanlar (ka'rxana balansi'ni'n' aktivinde sa'wlelengen)

## 2. Ka’rxana aktivlerin qayta bahalaw.

O’zbekistan Respublikasinda mu’likshilik formasina qaramastan barli’q ka’rxanalar, sho’lkemler “1-yanvar jag’dayi’ boyi’nsha tiykarg’i’ fondlardi’ ha’r ji’li’ qayta bahalawdi’ wo’tkeriw ta’rtibi haqqindag’i’ ni’zami’na muwapi’q ha’r ji’li’ 1-fevralg’a shekem mu’liklerin 1-yanvar jag’dayi’na qayta bahalawdan wo’tkizedi. Usi’ ni’zam O’zbekstan Respublikasi’ Ministrler ken’esinin’ 2013-ji’l 25-dekabrdegi “Tiykarg'i' makro ekonomikali’q ko’rsetkishler prognozi’ ha’m 2014-ji’lg’i’ O’zbekstan Respublikasi’ Ma’mleket byudjetinin’ parametrleri haqqi’ndag’i’ “ qarari’na muwapi’q 1-yanvar jag’dayi’ boyi’nsha tiykarg’i’ fondlardi’ ha’r ji’li’ qayta bahalawdi’ wo’tkeriwdi mikrofirma ha’m kishi ka’rxanalar ushi’n biykarlap, yendi mikrofirma ha’m kishi ka’rxanalar ha’r ji’li’ yemes 3 ji’ldan bir ret tiykarg’i’ fondlardi’ qayta bahalawdan wo’tkeriw mu’mkin.

“1-yanvar jag’dayi’ boyi’nsha tiykarg’i’ fondlardi’ ha’r ji’li’ qayta bahalawdi’ wo’tkeriw ta’rtibi haqqindag’i’ ni’zami’na muwapi’q tiykarg’i’ fondlar bahasi’n qayta bahalawdi’ wo’tkeriwdin’ yeki usi’li’ ko’rsetilgen.

- Tiykarg’i’ fondlardi’n’ tu’rleri boyi’nsha ha’m wolardi’ sati’p ali’ng’an da’wirleri boyi’nsha klassifikaciyalang’an, tiykarg’i’ fondlar bahasi’ni’n’ wo’zgeriw indekslerin qollaw arqali’ ayri’m obiektlerdin’ da’slepki bahasi’n indeksaciyalaw usi’li’ arqali’;
- Qayta bahalawdi’ wo’tkeriw da’wirinde 1-yanvarg’a kelip du’zilgen, bahalani’p ati’rg’an uqsas jan’a obiektlerge hu’jjet penen belgilengen bazar bahalari’ boyi’nsha ayri’m obiektlerdin’ bahasi’n g’a’rezsiz qayta bahalaw usi’li’ arqali’.

Ka’rxana usi’ usi’ldan paydalang’anda bahalani’p ati’rg’an obiektlerdin’ toli’q tiklew bahasi’n hu’jjet penen tasti’yi’qlaw ushi’n ka’rxana wo’z qa’lewi menen to’mendegilerden paydalani’w mu’mkin.

- wo’ndiris ka’rxanalari’ ha’m wolardi’n’ rasmiy dillerleri, tovar-shiyki zat birjalari’, koshpes mulik birjalari’nan jazba formada ali’ng’an, tiykari’nan usi’nday tovarg’a baylani’sli’ bahalar haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar

- qayta bahalawdi’ wo’tkeriw sa’nesi menen tiykarg’i’ fondlardi’n’ sati’p ali’w sa’nesi wortasi’ndag’i’ ma’mleketlik bank kurslari’ qatnasi’ menen belgilenentug’i’n yesap kitap koefficientin qollaw arqali’

- tiyisli ma’mleketlik organlardag’i’ bahalar da’rejesi haqqindag’i’ mag’li’wmatlar

- qayta bahalawdi’ wo’tkeriw waqti’nda g’alaba xabar qurallari’ ha’m arnawli’ a’debiyatlarda ko’rsetilgen bahalar da’rejesi haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar

- tiykarg’i’ fondlar obiektlerinin’ bahasi’ haqqi’ndag’i’ ekspert juwmaqlari’

Tiykarg’i’ fondlardi’ qayta bahalawdan wo’tkeriw usi’llari’n ka’rxanalar g’a’rezsiz saylaydi’. Ka’rxana qayta bahalawdi’ g’a’rezsiz a’melge asi’radi’ yamasa woni’ wo’tkeriw ushi’n ni’zamg’a muwapi’q bahalaw menen shug’i’llani’w huquqi’na iye bolg’an ekspert qa’niygelerine usi’ni’w arqali’

Materiyalli’q yemes aktivlerdi qayta bahalaw ha’m wolardi’n’ buxgalteriyali’q yesabi’.

Materiyalli’q yemes aktivlerdi qayta bahalaw  bul materiyalli’q yemes aktivlerdin’ balans bahasi’n bazar bahasi’ menen maslasti’ri’w boli’p tabi’ladi’.

Ka’rxana qayta bahalawdi’, aktiv bazar mag’liwmatlari’ tiykari’nda ha’zirgi bahasi’n belgilew mu’mkin bolsa, qayta bahalaw ku’nindegi bahani’ tasti’yi’qlawshi’ hu’jjetler tiykari’nda tuwridan tuwri qayta yesaplaw joli’ menen a’melge asi’ri’w mu’mkin. Qayta bahalaw arqali’ ani’qlang’an baha menen balanstag’i’ summa arasi’nda  u’lken pariq bolmawi’ ushi’n qayta bahalawdi’ en’ keminde bir ji’lda bir ret wo’tkerip woti’ri’wi’mi’z kerek. Qayta bahalani’p ati’rg’an materiyalli’q yemes aktiv ushi’n aktiv bazar bolmag’an jag’dayda qayta bahalawdi’ sol aktivtin’ toli’q bir tu’rdegi gruppasi’ ushi’n qayta bahalaw wo’tkeriw lazi’m. Qayta bahalaw na’tiyjeleri buxgalteriyali’q yesap ha’m finansli’q yesabatta sa’wlelenedi. Materiyalli’q yemes aktivtin’ ha’zirgi bahasi’n sol aktivtin’ aktiv bazar bahasi mag’li’wmatlari’ boyi’nsha aniqlaw mu’mkin.  Yeger  aktiv bazari joq materiyalli’q yemes aktivti qayta bahalaytug’i’n bolsaq, wonda aktivtin’ toplang’an amortizaciya shi’g’ari’p

taslani'p woni'n baslang'i'sh bahasi' boyi'nsha yesapqa ali'ni'wi' kerek. Materiyalli'q yemes aktivlerdin' baslang'i'sh bahasi' qayta bahalang'anda olardi' qayta bahalaw wo'tkerilgen ku'ndegi toplang'an amotizaciyasi' materiyalli'q yemes aktivlerdin' baslang'i'sh baha indeksine maslasti'ri'ladi' ha'm keyingi amortizaciya u'stemesi qayta bahalang'an baha boyi'nsha wo'tkeriledi. Qayta bahalaw indeksi materiyalli'q yemes aktivtin' hazirgi bahasi'n wonin' baslang'i'sh bahasi'na bo'liw arqali' ani'qlanadi'. Qayta bahalaw na'tiyjesinde materiyalli'q yemes aktivlerdi qosi'msha bahalaw summasi' "Mal mu'lkti qayta bahalaw boyi'nsha du'zetiwler" sshyoti'ndag'i' zapas kapital qurami'na kirgiziledi. Qayta bahalaw na'tiyjesinde materiyalli'q yemes aktivler bahasi'n pa'seytiriw summasi' alding'i' yesabat da'wirde wo'tkerilgen bahalawdan aldi'ng'i' summasi' "Mal mu'lkti qayta bahalaw boyi'nsha du'zetiwler" sshyoti'ndag'i' zapas kapitaldin' kemeyiwine kirgiziledi. Obiektti qosi'msha bahalaw summasi'ni'n' woni'n' kemeytirilgen summasinan artig'i' basqa operacion qarejetlerge kirgiziledi. Materiyalli'q yemes aktivlerdi qayta bahalaw na'tiyjeleri sol waqi'ttag'i' finansli'q yesabatlarda sa'wlelendiriledi. Materiyalli'q yemes aktivlerdin' balanstag'i' summasi'n qayta bahalaw buxgalteriya yesabi'nda to'mendegishe sa'wlelendiriledi :

a) materiyalli'q yemes aktivlerdin' balans summasi'ni'n' ko'beyiwi : Dt 0400 « materiyalli'q yemes aktivler» sshyoti', Kt 8510- « Mal-mu'lkti qayta bahalaw boyi'nsha du'zetiwler» sshyoti'.

b)materiyalli'q yemes aktivler qayta bahalani'w na'tiyjesinde balans summasi'nan to'men bolsa : Dt 8510-« Mal-mu'likti qayta bahalaw boyi'nsha du'zetiwler» sshyoti', Kt 0400 « Materiyalli'q yemes aktivler » shyoti'. Yegerde 8510 sshyoti'ni'n' kt ta'repinde yag'niy aldi'ng'i' bahalaw na'tiyjesinde kobeygen summadan arti'q bolg'an summa qa'dirsizleniwden ko'rilgen qa'rejet boli'p, 9430-« Basqa operacion qa'rejetler» sshyoti'nda sa'wlelendiriledi.

V) qayta bahalawda materiyalli'q yemes aktivler boyi'nsha amortizaciya

summasi’ni’n’ ko’beyiwi : Dt 8510 - « Mal-mu’lkti qayta bahalaw boyi’nsha du’zetiwler» sshyoti’, Kt 0500 « materiyalli’q yemes aktivler amortizaciyasi’n yesapqa ali’wshi’» sshyoti’.

g) materiyalli’q yemes aktivler boyi’nsha amortizaciya summasi’ni’n’ kemeyiwi: Dt 0500 “Materiyalli’q yemes aktivler amortizaciyasi’n yesapqa ali’wshi’” sshyoti’, Kt 8510-« mal-mu’lkti qayta bahalaw boyi’nsha du’zetiwler » sshyoti’. Yegerde ka’rxanada gudvil summasi’ bar bolsa qayta bahalaw na’tiyjeleri boyi’nsha bul summani’ kemeytiriw buxgalteriya yesabi’nda to’mendegishe sa’wlelendiriledi : Dt 8510 –« Mal – mulkti qayta bahalaw boyi’nsha du’zetiwler» sshyoti’, Kt 0480 – « Gudvil» sshyoti’.

Investiciyalardi’ qayta bahalaw. Investiciyalardi’ qayta bahalaw bul investiciyalardi’n’ bazar bahasin aniqlaw maqsetinde a’melge asi’ri’ladi’. Bazar bahasi’n aniqlaw ka’rxana ushi’n nege za’ru’r degen soraw payda boladi’. Aktivlerdin’ bazar bahasi’n ani’qlaw ka’rxanani’ na’tiyjeli basqari’w ushi’n kerek mag’li’wmatlardi’n’ biri. Ka’rxana yesap siyasati’nda qi’sqa mu’ddetli investiciyalardi’ bazar bahasi’nda yesapqa ali’wdi’ na’zerde tutqan bolsa, wonda investiciyalar bahalari’ni’n’ wo’zgerisin ka’rxana qa’rejet yamasa d’aramat sipati’nda ta’n ali’nadi’. O’zbekstan Respublikasi’ BYeMS boyi’nsha to’mendegishe a’melge asi’ri’ladi’.

- Investiciyalardi’n’ bahasi’ qayta bahalaw na’tiyjesinde artsa wonda da’ramat si’pati’nda ta’n ali’ni’p qosi’lg’an kapital summasi’n artadi’.
- Qayta bahalaw na’tiyjesinde investiciyalar bahasi’ kemeyse bul kemeygen summa aldi’ng’i’ bahalaw arqali’ kobeygen summa yesabi’nan jawi’ladi’, yeger bul summa aldi’ng’i’ bahalaw arqali’ ko’beygen summadan arti’q bolsa, sol (arti’q bolg’an) summani’ka’rxana qarejet si’pati’nda ta’n aladi’.
- Yegerde keyingi bahalaw na’tiyjesinde investiciyalar bahasi’ni’n’ artiwi ju’z berse wonda bul summa aldi’n qa’rejet si’pati’nda ta’n ali’ng’an summani’ qaytaradi’ al wonnan arti’p qalg’an summa qosi’lg’an kapitaldi’ (qayta bahalaw boyi’nsha du’zetiwler) kobeytedi.

Mi’sali’ : « A » firmasi’ 2012-ji’ldi’n’ 31-dekabrinde to’mendegi

investiciyalar portfeline iye.

2-keste

| Akciyalar tu’ri | Akciyalar mug’dari’ | Akciyani’n’ sati’p ali’w bahasi’ | Ja’mi sati’p ali’w qa’rejetleri |
|---|---|---|---|
| X | 400 | 900 | 360000 |
| Y | 700 | 600 | 420000 |
| Z | 900 | 200 | 180000 |
| Ja’mi | | | 960000 |

Kompaniyani’n’ yesap siyasati’nda uzaq mu’ddetli investiciyalardi’ qayta bahalaw na’tiyjeleri boyi’nsha yesapqa ali’w ko’rsetilgen. 2013-ji’l 1-shereginde kompaniya investiciyalari’ni’n’ bazar bahalarinda to’mendegishe wo’zgerisler boldi’.

| Akciyalar tu’ri | Akciyalar mug’dari’ | Akciyani’n’ sati’p ali’w bahasi’ | Ja’mi sati’p ali’w qa’rejetleri |
|---|---|---|---|
| X | 400 | 1000 | 400000 |
| Y | 700 | 500 | 350000 |
| Z | 900 | 250 | 225000 |
| Ja’mi | | | 975000 |

(3-keste)

Dt « qi’mbat bahali’ qag’azlardi’ qayta bahalaw boyi’nsha zi’yanlar »70000

Dt « uzaq mu’ddetli investiciyalar »15000

Kt « jeke kapital –qayta bahalaw boyi’nsha du’zetiwler »85000

Buxgalteriya jazi’wlari’nda ko’rinip turi’pti’ Y topari’ndag’i’ akciyalar boyi’nsha baha to’menlewinen ali’ng’an zi’yan aldi’n qosi’lg’an kapital qurami’nda bul tu’rdegi qatnasi’qlarg’a tiyisli summa joq bolg’anli’g’i’ sebepli qa’dirsizleniwden ko’rilgen zi’yan si’pati’nda ta’n ali’nadi’.

2013-ji’ldi’n’ 6 ayli’q juwmag’i’nda investiciyalardi’n’ bazar bahalari’nda to’mendegi w’o’zgerisler ju’z berdi.

| Akciyalar tu'ri | Akciyalar mug'dari' | Akciyani'n' sati'p ali'w bahasi' | Ja'mi sati'p ali'w qa'rejetleri |
|---|---|---|---|
| X | 400 | 950 | 380000 |
| Y | 700 | 450 | 315000 |
| Z | 900 | 230 | 207000 |
| Ja'mi | | | 902000 |

(4-keste)

Bul wo'zgerislerdi to'mendegishe sa'wlelendiremiz.

Dt « jeke kapital-qayta bahalaw boyi'nsha du'zetiwler »38000

Dt « qimbat bahali' qag'azlardi' qayta bahalaw boyi'nsha zi'yanlar »35000

Kt « uzaq mu'ddetli investiciyalar » 73000

2013-ji'ldi'n' aqi'ri'na kelip, balans du'ziwden aldi'n investiciyalar qurami'nda to'mendegi wo'zgerisler ju'z berdi.

5-keste

| Akciyalar tu'ri | Akciyalar mug'dari' | Akciyani'n' sati'p ali'w bahasi' | Ja'mi sati'p ali'w qa'rejetleri |
|---|---|---|---|
| X | 400 | 1060 | 424000 |
| Y | 700 | 600 | 420000 |
| Z | 900 | 240 | 216000 |
| Ja'mi | | | 1060000 |

Dt « uzaq mu'ddetli investiciyalar » 158000

Kt « qi'mbat bahali' qag'azlardi' qayta bahalaw boyi'nsha zi'yanlar » 105000

Kt « jeke kapital-qayta bahalaw boyi'nsha du'zetiwler » 53000

## 3.Ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwi haqqi’nda tu’sinik

Qa’dirsizleniw – bul tozi’w, amortizaciya tu’siniklerinen basqa tu’sinik boli’p, yag’ni’y aktivtin’ qa’dirsizleniwi – bul a’piwayi` yetip aytqanda aktivtin’ bazar bahasi’ni’n’ balanstag’i’ summasi’nan to’menlep ketiwi boli`p tabi`ladi`[1]. Bunda aktivlerdin` quni`nin` qayta tikleniwi ku’tilmeydi ha’m bazar bahasi’ni’n’ balanstag’i’ summasi’ wortasi`ndag`i` parq qa’dirsizleniwden ko’rilgen zi’yan boli’p yesaplanadi’. Yendi aktivke ani’qlama bereyik, aktiv bul karxanani’n’ barli’q mal mu’lki, aniq tu’siniwimiz ushi’n karxanag'a aktiv ne ushi’n kerek degen sorawg'a juwap bereyik. Karxanag’a aktiv payda ko’riw maqsetinde ali’p kelinedi. Yag’ni’y aktivti paydalani’w arqali’ payda ko’redi yamasa woni’ sati’w arqali’ payda ko’redi. Qaysi birinen joqari’ payda ali’w ku’tilip ati’rsa ka’rxana a’lbette sol joldi’ tan’lap aladi’, qaysi birinen joqari’ payda tu’setug’i’nli’g’i’n biliw ushi’n bizler 36-sanli’ Finansli’q Yesapti’n’ Xali’q-arali’q standartlari’ (FYeXS) tiykari’nda aktivti paydalani’wdan tu’setug’i’n summani’n’ ha’zirgi diskontlang’an ko’rinisin yesaplawi’mi’z sha’rt. O’zbekstan Respublikasi’ hu’kimeti ta’repinen aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi haqqi’nda xojali’q ju’rgiziwshi subektlerden hesh qanday yesabat soralmaydi’. Usi’g’an baylani’sli’ O’zbekstan Respublikasi’nda aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesapalaw jollari’ haqqi’nda hesh qanday milliy standart, yamasa qarar shi’g’ari’lmag’an. Biraq bizler aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin FYeXS№36 tiykari’nda yesaplasaq boladi ha’m buni’ ishki paydalani’wshi’lar ushi’n usi’ni’s yetemiz. Sebebi ka`rxanani’ na`tiyjeli basqari’w ushi’n aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi haqqi’nda yesabat za’ru’r. №36 FYeXS “Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi” 1998-ji’li’ qabi’l yetilgen ha’m 2009-ji’li’ wo’zgerisler kirgizilgen. FYeXS №36 da aktivlerdin’ qa’dirsizleniwine mi’nanday yetip aniqlama bergen.

**Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi-** aktivlerdin’ balanstag’i’ summasi’ woni’n’ quni’ qaplanatug’i’n summadan asi’p ketiwi.

**Balans summasi’**- bul aktivlerdin’ balanstag’i` summasi’ (toplang’an

**1 Васина Анна Алексеевна Практикующий консультант НОУ "ИПП" МСФО 36 «Обесценение активов»**

amortizaciyani shegirip taslap).

**Quni' qaplanatug'in summa**- to'mendegi 2 summani'n' u'lkeni saylap ali'nadi':

1.Adil quni' (sati'w qa'rejetlerin shegirip taslap);

2. Paydalani'wdan tu'setug'i'n summa.

**Adil qun** - bul aktivti mi'na jollar menen sati'w arqali' tu'setug'i'n summa, yag'ni'y aldi'n ala kelisilip qoyi'lg'an, hesh kimnin' ma'jbu'rlewisiz, wo'z qa'lewi menen usi' summag'a sati'p ali'wshi', razi' ta'replerdin' usi'ni's yetken summasi' (sati'w qarejetlerin shegirip taslap).

**Paydalani'wdan tu'setug'i'n summa**- bul aktivti paydalani'wdan yamasa na'tiyjeli paydalani'w waqti pitkennen son' aktivti yesaptan shi'g'ari'w arqali' toplanatug'i'n da'ramatti'n' ha'zirgi diskontlang'an ko'rinisi.

FYeXS lari'ni'n' tiykarg'i' principlerinin' biri bul ka'rxanalardi'n' finansli'q yesabatlari'ndag'i' mag`li`wmatlardi`n` duri'sli'li'g'i boli'p tabiladi. Al FYeXS №36 tiykarg'i principi bul saqli'q (осмотрительности, prudence) yag'ni'y ka'rxana aktivleri bahasi'n asi'ri'p, joqari'lati'p ko'rsetpew kerek al minnetlemeler to'menletip ko'rsetilmewi kerek. Yag'ni'y standartti'n' tiykarg'i' maqseti ka'rxana aktivlerin quni' qaplanatug'i'n summasi'nan asi'ri'p jibermey yesaplaw ha'm quni' qaplanatug'i'n summani' yesaplawdi'n' jollari'. FYeXS№36 jer, imarat, mashina ha'm u'skene , materiyalli'q yemes aktivler, gudvil, investiciyalardi'n' h.t.b. aktivlerdin' qa'dirsizleniwin yesaplaydi'. Al materiyalli'q ha'm wo'ndirislik zapaslar, quri'li's sha'rtnamalari' arqali ju'zege kelgen aktivler, keyinge qaldi'ri'lg'an sali'q aktivleri, finansli'q aktivler, awi'l xojali'g'i' menen baylani'sli' bolg'an biologiyali'q aktivlerdin' qa'dirsizleniwin FYeXS№36 yesaplamaydi'.

Aktivlerdin' qa'dirsizlenip atirg'anli'g'i'ni'n' birinshi belgisi bul a'lbette paydani'n' azayi'wi'. Yag'ni'y aktivlerdin' qa'dirsizleniwinin' belgileri:
Si'rtqi' belgileri:
-bazar bahasi'ni'n' tu'siwi;

-texnologiyali'q, bazar, ekonomikali'q ha'm yuridikali'q jag'daylardi'n' unamsi'z wo'zgeriwi.

-bazarda talapti'n' azayi'wi'

Ishki belgileri

-Moralli'q yamasa fizikali'q go'neriwi

-Aktiv restrukturizaciya (kreditti to'lew imkaniyati joqli'g'i' sebebinen kredit mu'dettinin' uzayti'rili'wi') procesinde qatnasadi' yamasa yesaptan shi'g'i'wg'a tayar boladi'

-Yesabat da'wirde ekonomikali'q ko'rsetkishlerdin' ku'tilgennen to'men boli'wi' h.t.b

Yegerde ka'rxanani'n' qandayda bir aktivinin' qa'dirsizlenip atirg'anlig'i'ni'n' belgileri payda bolsa wonda sol aktivge qa'dirsizleniw testin wo'tkeriw sha'rt. FYeXS i'nda ha'r bir aktiv ji'li'na1 ret qa'dirsizleniw testinen wo'tkeriliwi kerek, biraq qa'dirsizleniw belgileri bolsa sol waqitta qa'dirsizleniw testin wo'tkeriw kerek.

Aktivtin' qa'dirsizleniwin yesaplawg'a O'zbekstan sharayati'nda yen' ko'p ushi'rasatug'i'n mi'na misaldi' keltireyik.

2008-ji'li' 1-yanvar ku'ni "A" firmasi' 20 mln sumg'a joldi'n' boyi'nan imarat sati'p aldi'. Woni'n' na'tiyjeli paydalani'w waqti 20 ji'l (tamamlani'w bahasin 0 dep oylayi'q) ha'm firma yeskiriwdi yesaplawda tuwri' si'zi'qli' metodi'nan paydalanadi'. 2012-ji'l 31-dekabr ku'ni hu'kimet imaratti'n' aldi'na yag'ni'y joldi'n' boyi'na da'rwaza saladi' ha'm na'tiyjede qari'ydarlar imaratqa bari'w ushi'n aylani'p ju'riwine tuwra keldi yag'ni'y wo'z qari'ydarlari'n joytadi ha'm bul jag'day imaratti'n' bazar bahasi'ni'n', paydalani'w arqali' tu'setug'i'n summani'n' to'menlewine ali'p keldi ha'm buni' bizler imaratti'n' qa'dirsizleniwi dep ataymi'z. Na'tiyjede imaratti'n' adil quni' 10 mln sum (sati'w qa'rejetleri 0.5 mln sum). Aktivti paydalani'wdan kelip tu'setug'i'n

summa 12 mln sum. Yendi bizler balans summasi'n yesaplaymi'z. Imarat bahasi' 20 mln sum, na'tiyjeli paydalani'w waqti 20 ji'l, ha'zirge shekem 5 ji'l paydalani'ldi'. Demek toplang'an amortizaciya summasi' 20mln/20x5=5 mln sum. Balans summasi' 20mln-5mln=15 mln sum. Yendi quni' qaplanatug'i'n summani' ani'qlaymi'z. A'dil qun ha'm paydalani'wdan tu'setug'i'n summadan u'lkenin saylap alami'z. A'dil quni' 10mln-0.5mln=9.5 mln. Paydalani'wdan tu'setug'in summa 12 mln sum. 12mln>9.5mln. Demek quni' qaplanatug'i'n summa 12 mln sum. Balans summa 15 mln sum. Qa'dirsizleniwden ko'rilgen zi'yan 15 mln-12mln=3mln sum.

Biz aktivlerdin' qa'dirsizleniwin yesaplawdi' ishki paydalani'wshi'lar ushi'n usi'ni's yetemiz. Sebebi ka`rxanani' na`tiyjeli basqari'w ha'm keleshektegi finansli'q na'tiyjeni boljaw ushin aktivlerdin' qa'dirsizleniwi haqqi'ndag`i' mag'li'wmat unamli' rol oynaydi'.

## I bap boyi’nsha juwmaqlaw.

I bapta ka’rxana aktivleri qa’dirsizleniwinin’ teoriyali’q tiykarlari’ashi’p ko’rsetildi. Bul bap 3 bo’limnen ibarat boli’p 1-bo’liminde ka’rxana aktivleri haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar ashi’p ko’rsetildi ha’m wolar klassifikaciyalandi’. 2-bo’liminde ka’rxana aktivlerin qayta bahalaw jollari’ ko’rsetildi. 3-bo’liminde ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwi haqqi’nda tu’sinik ha’m aktivtin’ qa’dirsizleniwin yesaplawg’a O’zbekistan sharayati’nda yen’ ko’p ushi’rasatug’i’n misal’ ko’rsetildi ha’m aktivtin’ qa’dirsizleniwden ko’rilgen zi’yan yesaplani’p shi’g’i’ldi’.

1. Xojali’q ju’ritiwshi subiektler ushi’n za’ru’r bolg’an imarat, pul qarji’lari’, materiallar, tovarlar si’yaqli’ yekonomikali’q resurslar aktivler dep ataladi’. Ekonomikali’q resurslar wo’tip ketken qatnasi’qlar ha’m ha’diseler na’tijesinde payda boli’wi’ xojali’q ju’ritiwshi sub yekttin’ aktivleri yekenligi, wo’tip ketken qatnasi’qlar ha’m ha’diseler na’tijesinde yekonomikali’q resurslardi’n’ payda boli’wi’ xu’jjetler arqali’ ani’qlani’wi’ tiykarlandi’.

2. Aktivlerdi qayta bahalawdan wo’tkeriw usi’llari’n ka’rxanalar g’a’rezsiz saylaydi’, ka’rxana qayta bahalawdi’ g’a’rezsiz a’melge asi’radi’ yamasa woni’ wo’tkeriw ushi’n ni’zamg’a muwapi’q bahalaw menen shug’i’llani’w huqi’qi’na iye bolg’an yekspert ka’nigelerine usi’nadi’

3. Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplawda ishki paydalani’wshi’lar ushi’n usi’ni’s yetildi, sebebi ka’rxanani’ na’tijeli basqari’w ha’m keleshektegi finansli’q na’tijesin boljaw ushi’n aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi haqqi’ndag’i’ mag’li’wmat unamli’ rol woynaydi’.

## II bap. Ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw jollari’.

### 1. Pul qa’dirsizleniwi bolmag’an ekonomika.

29-sanli’ FYEXS “Giperinflyaciya sharayatlari’nda finansli’q yesabatlar” giperinflyaciya ma’mlekettin’ valyutasi’nda yesabatlardi’ du’zetug’i’n kompaniyani’n’ da’slepki finansli’q yesabatlari’na qari’m-qatnasi’n, birlestirilgen finansli’q yesabatlardi’ da qosqan halda qollani’ladi’. Giperinflyaciyali’ ekonomikada bolg’an ma’mlekettin’ valyutasi’nda yesap berip ati’rg’an kompaniyani’n’ finansli’q yesabatlari’ haqi’yqi’y yaki ag’i’mdag’i’ bahag’a tiykarlani’wi’nan yemes yesabat sa’nesine du’zilgen wo’lshew birliginde usi’ni’ladi’. Aldi’ng’i’ da’wirlerdin’ tiyisli sanlari’ yaki aldi’ng’i’ da’wirlerdegi ha’r qanday informaciya yesabat sa’nesinde a’melge asi’ri’lg’an wo’lshew birliginde qo’rsetiliwi lazi’m (29-sanli’ FYEXS, 8-punkt). 29-sanli’ FYEXSi’ni’n’ talaplari’na muwapi’q giperinflyaciya sharayatlari’ndag’i’ finansli’q yesabatlardi’ du’ziwde to’mendegi qag’i’ydalarg’a boysi’nadi’.

Balans du’ziwde:

- balansti’n’ yesabat sa’nede du’ziliwi wo’lshem birliklerinde bayanlanatug’i’n summalari’ wolarg’a bahalar uli’wma indeksin qollag’an halda du’ziledi (11-punkt);
- pul stat yalari’ qayta ko’rip shi’g’i’lmaydi’, sebebi wolar yesabat sa’nesinde a’mel qi’li’p avti’rg’an pul birliklerinde bayanlang’an. Pul stat yalari’ pul qarji’lari’nan ha’m pulda ali’natug’i’n stat yalardan ibarat (12-punkt);
- sha’rtnamag’a muwapi’q bahalar wo’zgerisleri menen baylani’sli’ aktivler ha’m minnetlemeler (indeksli wobligaciyalar ha’m kreditler si’yaqli’) yesabat sa’nesine so’ndirilmegen summani’ ani’qlaw ushi’n sha’rtnamag’a muwapi’q halda du’zetiledi. Bul stat yalar qayta yesaplap shi’g’i’lg’an balansta du’zetilgen summasi’ boyi’nsha yesapqa ali’nadi’ (13-punkt);
- basqa barli’q aktivler ha’m minnetlemeler nomonetar (pulsi’z) dep qaraladi’. Bazi’ bir nomonetar stat yalar yesabat sa’nesine haqi’yqi’y bolg’an

summalarda yesapqa ali’nadi’ (sati’wdi’n’ sap bahasi’ ha’m bazar bahasi’), soni’n’ ushi’n wolar du’zetilmeydi. Basqa barli’q nomonetar aktivler ha’m minnetlemeler qayta yesaplap shi’g’i’ladi’ (14-punkt);

- 29-sanli’ FYEXSi’ni’n’ qollani’wi’ birinshi da’wiri baslani’wi’nda kapitaldi’n’ barli’q yelementleri, bo’listirilmegen paydadan ha’m qayta bahalawdan baha wo’siwinin’ ha’r qanday summalari’nan ti’sqari’ tiyisli ji’llardi’n’ uli’wma indeksin qollaw ja’rdeminde qayta ko’rip shi’g’i’ladi’. Qayta bahalawdan baha wo’siwi boyi’nsha aldi’n’g’i’ da’wirlerdin’ barli’q summalari’ shi’g’ari’p taslanadi’. Bo’listirilmegen paydani’n’ qayta yesaplang’an mug’darlari’ qayta yesaplang’an balansti’n’ basqa barli’q summalari’nan kelip shi’g’adi’ (24-punkt).

- payda ha’m zi’yanlar haqqi’ndag’i’ yesabatti’n’ barli’q summalari’ da’ramat yaki qa’rejet stat yasi’ da’slep finansli’q yesabatqa jazi’lg’an sa’neden buri’n bahalar uli’wma indeksindegi wo’zgerislerdi qollag’an halda qayta yesaplap shi’g’i’ladi’ (26-punkt).

Inflyaciya da’wirinde pul aktivleri pul minnetlemelerinen arti’q bolg’an kompaniya sati’p ali’w qabiletin jog’alti’p baradi’, pul minnetlemeleri pul aktivlerinen joqari’ kompaniya bolsa, bul aktivler ha’m minnetlemeler bahalar da’rejesine baylani’sti’ri’p qoyi’lmag’anli’g’i’na qarap, wo’z sati’p ali’w qa’biletin asi’ri’p baradi’. Bul stat yalar boyi’nsha bunday payda yaki zi’yan nomonetar aktivlerdi, kapitaldi’, payda ha’m zi’yanlar haqqi’ndag’i’ yesabatti’n’ stat yalari’n qayta ko’rip shi’g’i’wdan ha’m indekslenetug’i’n aktivler ha’m minnetlemeler du’zetiwden ali’ng’an parqi’ si’pati’nda ani’qlani’wi’ mu’mkin. Payda yaki zi’yan da’wir ushi’n puldag’i’ aktivler ha’m puldag’i’ minnetlemeler wortasi’ndag’i’ ayi’rmashi’li’qti’n’ wortasha tarti’lg’an bahasi’na qarag’anda bahalar uli’wma indeksindegi wo’zgeriwin usi’ng’an halda da bahalani’wi’ mu’mkin (27-punkt). Sap pul stat yalari’ boyi’nsha payda yaki zi’yan sap paydag’a kiritiledi.

Finansli’q yesabatlar ag’i’mdag’i’ baha tiykari’nda da islep shi’g’i’li’wi’ mu’mkin. Bunda balansti’n’ ag’i’mdag’i’ baha boyi’nsha ko’rsetilgen stat

yalari’ du’zetilmeydi. Buxgalteriya balansi’ni’n’ basqa stat yalari’ ali’wdi’n’ haqi’yqi’y bahasi’ boyi’nsha finansli’q yesabatlar ushi’n qollani’latug’i’n usi’lda qayta yesaplap shi’g’i’ladi’ (29-punkt).

Ag’i’mdag’i’ baha boyi’nsha payda ha’m zi’yanlar yesabati’ woperaciyalar yaki ha’diseler ju’z bergen paytta haqi’yqi’y bolg’an qa’rejetlerdi qo’rsetip turadi’. Sati’lg’an wo’nimnin’ wo’zine tu’ser bahasi’ ha’m amortizaciyasi’ wolar a’melge asi’ri’li’wi’ waqti’ndag’i’ ag’i’mdag’i’ qa’rejetler boyi’nsha, sati’wdan tu’sim wol ju’z bergen paytta pulda bayanlanadi’. Soni’n’ ushi’n barli’q summalardi’ bahalar uli’wma indeksin qollap yesabat sa’nesindegi haqi’yqi’y wo’lshem birliklerine wo’tkiziw za’ru’r boladi’ (30-punkt). Sap pul poziciyasi’ boyi’nsha payda yaki zi’yan ali’wdi’n’ haqi’yqi’y bahasi’ boyi’nsha finansli’q yesabatlardag’i’ si’yaqli’ ani’qlanadi’.

## 2. Ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw ushi’n wazi’ypalardi’ belgilew, mag’li’wmatlardi’ ji’ynaw ha’m wolardi’ analiz qi’liw.

Qa’dirsizleniwdi yesaplaw ushi’n wazi’ypalardi’ belgilew. Qa’dirsizleniwdi yesaplaw ushi’n birinshi wazi’ypalardi’n’ biri bul qa’dirsizleniwdi yesaplaw kerek bolg’an obiektti belgilep ali’w. Obiektti belgilewimiz ushi’n qa’dirsizleniw belgilerin aniqlawimiz sha’rt. Qa’dirsizleniw belgileri ishki ha’m si’rtqi’ boli’p bo’linedi. Si’rtqi’ faktorlarg’a aktivtin’ bazar bahasi’ni’n tu’sip ketiwi, ka’rxanag’a unamsi’z ta’sir yetiwshi ekonomikali’q, texnologiyali’q, yuridikali’q wo’zgerislerdin’ ju’z beriwi. Ishki faktorlarina aktivtin’ moralli’q yeskiriwi, ekonomikali’q paydani’n’ ku’tilgennen to’men boli’wi’.

Bizler obiekt si’pati’nda mi’sal yetip uzaq mu’ddetli aktiv yag’ni’y qandayda bir imaratti’ ali’p qarayi’q. Qa’dirsizleniwdi yesaplaw wazi’ypalari’na to’mendegiler kiredi.

- Obiekttin’ ta’riypi.
- Qa’dirsizleniwdi yesaplaw sa’nesi.
- Qa’dirsizleniwdi yesaplaw maqseti ha’m qa’dirsizleniwdi yesaplaw na’tiyjelerinen paydalani’w a’hmiyeti.
- Qa’dirsizleniwdi yesaplawdi’ wori’nlaw mu’ddetleri h.t.b

Obiekttin’ ta’riypi to’mendegilerdi wo’z ishine aladi’.

- Obiekttin’ ati’
- Obiekttin’ ma’nzili
- Obiekttin’ qurami’ haqqi’ndag’i’ woni’n’ ha’r bir quram bo’legin identifikaciyalaw ushi’n jeterli bolg’an mag’li’wmatnamalar
- Obiekttin’ mu’lk huquqlari’, sonday-aq huquqlarg’a baylani’sli’ sheklewler ha’m wolarg’a basqa puxaralar huquqlari’ni’n’ ju’kleniwi haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatnamalar.

Ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwin yesaplawdi’n’ maqseti si’pati’nda qa’dirsizleniw na’tiyjelerinen yamasa qa’dirsizleniw haqqi’ndag’i’ yesabattan

paydalani'w usi'llari' ko'rsetiledi.

Qa'dirsizleniwdi yesaplawda obiekttin' bazar bahasi'n ani'qlaw lazi'm. Obiekttin' bazar bahasi'n aldi'-satti' sha'rtnamasi'n du'ziw qa'rejetleri ha'm sha'rtnama menen baylani'sli' bolg'an sali'qlardi' yesapqa almay ani'qlani'wi' kerek.

Mag'li'wmatlardi' ji'ynaw ha'm wolardi' analizlew. Qa'dirsizleniwdi yesaplaw usi'lari'n tan'law ha'm qollani'w ushi'n obiekt haqqi'nda jeterli mag'li'wmatlar ha'm bazarg'a baylani'sli' mag'li'wmatlardi' ji'ynaw ha'm wolardi' analizlew kerek.

To'mendegiler obiekt haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlar tiykari' yesaplani'ladi':

- Obiekt haqqi'ndag'i' baslang'i'sh mag'li'wmat
- Obiektti ko'zden wo'tkeriwde, obiekttin' iyesi ha'm wonnan paydalani'wshi'lar menen sa'wbetlesiw na'tiyjelerinen ali'ng'an mag'li'wmatlar
- U'shinshi ta'rep ha'm ka'rxanalardan ali'ng'an, sonday-aq g'alaba xabar qurallari' ha'm internet tarmag'i'nda ko'rsetilgen mag'li'wmatlar

Baslang'i'sh mag'li'wmat to'mendegilerdi wo'z ishine aladi':

- obiekttin' mu'lk huquqlari' ha'm obiekt penen du'zilgen sha'rtnamalardi' ma'mleket dizimenen wo'tkenligi haqqi'ndag'i' gu'wali'q.
- jer ushastkasi'nan paydalani'w huquqi'n tasti'yi'lawshi' hu'jjet
- ha'kimiyat organlari'ni'n' jer ushastkasi'n beriw haqqi'ndag'i' qarari'
- obiektke tiyisli kadastr hu'jjetleri
- obiektke basqa shaxslardi'n' huquqlari'n ju'klewge baylani'sli' hu'jjetler
- obiektten paydalani'wg'a baylani'sli' mag'li'wmatlardi'
- obiekttin' kelip shi'g'i'wi' ha'm rawajlani'w tariyxi' haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlar
- obiekttin' ha'm woni'n' bo'limlerinin' rawajlani'w rejeleri (jan'a quri'li's,

rekonstrukciya, won’law) haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar

-obiekttin’ son’g’i’ yesabat sa’nesindegi balans (qaldi’q ha’m baslang’i’sh) summasi’ haqqi’ndag’i’ mag’li’wmat

- retrospektiv ha’m prognoz finansli’q mag’li’wmatlari’, soni’n’ ishinde obiektten komerciyali’q maqsetinde paydalani’wdi’n’ tiykarg’i’ ko’rsetkishleri ( qa’rejetler statyasi’ boyi’nsha ji’lli’q paydalani’w qa’rejetleri, da’ramatlar ko’rsetkishi boyi’nsha paydalani’wdan ali’ng’an da’ramatlar)

- Usi’ni’lg’an baslang’i’sh mag’li’wmatlar obiekttin’ iyesinin’ qoli’ ha’m mo’ri menen tasti’yi’qlang’an jag’dayda haqi’yqi’y yespalani’ladi’.

Qa’dirsizleniwdi yesaplawdi’n’ maqseti ha’m obiekttin’ wo’zgesheliklerine qarap bizler baslang’i’sh mag’li’wmat dizimin ken’eytiriwimizge boladi’ yamasa yesaplaw waqti’nda kerekli hu’jjetlerdi toplaymi’z.

Bizler obiekttin’ ha’zirgi jag’dayi’n ani’qlaw maqsetinde obiektti ko’zden wo’tkergenimizde to’mendegi mag’li’wmatlardi’ ani’qlawi’mi’z kerek:

- Tiykarg’i’ quri’li’s konstukciyalari’ni’n’ tipi
- Tiykarg’i’ quri’li’s materiyallari’ni’n’ tipi
- Geometrik ko’rsetkishler
- Quri’li’s konstrukciyalari’ ha’m injenerlik a’spab u’skenelerdin’ ha’zirgi jag’dayi’
- Plan-smeta hu’jjetleri bar bolg’an jag’dayda ha’zirgi konstruktiv juwmaqlar, isletilgen quri’li’s materiyallari’ ha’m quri’li’s montaj jumi’slari’ ko’lemlerin hu’jjetlerde ko’rsetilgen mag’li’wmatlar menen sali’sti’ri’w a’melge asi’ri’ladi’.
- Plan-smeta hu’jjetleri bolmag’an jag’dayda, obiekttin’ geometrik ko’rsetkishleri wo’lshew jumi’slari’n wori’nlaw joli’ menen ani’qlanadi’.
- Konstruktiv elementler, injener sistemalari’ ha’m a’spab u’skenelerdin’

ha’zirgi jag’dayi’ si’rttan ko’zden keshiriw joli’ menen ani’qlanadi’.

Qa’dirsizleniwdi yesaplaw ushi’n to’mendegilerdi ta’riyipleytug’i’n bazarg’a baylani’sli’ mag’li’wmatlardi’ qosi’msha si’pati’nda jiynaw ha’m analizlew kerek:

- Obiekttin’ bahasi’na ta’sir yetiwshi makroekonomikali’q ( huquqi’y, ekonomikali’q, saciyalli’q, ekologik h.t.b) ta’sirlerdi ani’qlaw ushi’n obiekt jaylasqan ma’mleket ha’m teretoriyadag’i’ saciyal-ekonomikali’q jag’daydi’
- Obiekttin’ jaylasqan wori’ndag’i’ ko’shpes mu’lik bazari’n ha’m woni’n’ obiektke tiyisli bolg’an segmentin
- Obiekttin’ jaylasqan jerin ( obiekttin’ jaqi’n a’tiraptag’i’ wo’rtali’qti’n’ ha’zirgi ko’rinisi, obiekt a’tirapi’ndag’i’ wortali’qti’ rawajlandi’ri’w rejeleri)

## 3. Ka’rxana aktivlerin qayta bahalaw arqali’ aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw

Professional til menen aytqanda, qayta bahalaw – tiykarg’i’ qurallardi’n’ tikleniw quni’n bazar bahalari’ni’n’ zamanago’y da’rejesine muwapi’qlasti’ri’w ushi’n woni’ waqti’- waqti’ menen ani’qlastiri’w yesaplanadi’. Qayta bahalaw, yeger woni’n’ aqi’betlerine itibar bersek, ka’rxanani’n’ finansli’q jag’dayi’n basqari’wdi’n’ ta’sirshen’ mexanizmi boli’p yesaplanadi’.

Aktivtin’ quni’ qaplanatug’i’n summa menen aktivtin’ qaldi’q (balans) summasi’ ba’rqulla birdey bola bermeydi’ biraq usi’ yeki summa arasi’nda parq ko’beymewi ushi’n aktivlerdi waqti’-waqti’ menen qayta bahalawdan wo’tkeriw ni’zam menen belgilep qoyi’lg’an yamasa №36 Finansli’q yesabatti’n’ xali’q arali’q standartlari’ (FYeXS) “Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi” (impairment of assets) nde aktivlerge yen’ keminde ji’li’na bir ret qa’dirsizleniw testin wo’tkeriw kerekligi ayti’lg’an. Mi’sali’, O’zbekistan Respublikasi’ 2014-ji’lg’i’ tiykarg’i’ makroekonomikali’q ko’rsetkishleri prognozi’ ha’m ma’mleket byudjeti parametrleri haqqi’ndag’i’ O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ qarari’nda mikrofirmalar ha’m kishi ka’rxanalar ushi’n tiykarg’i’ qurallardi’ ha’r ji’li’ ma’jbu’riy qayta bahalaw biykar yetilip, woni’ ha’r 3 ji’lda bir ma’rte wotkeriw belgilep qoyi’lg’an. Aktivtin’ qaldi’q (balans) summasi’ mu’lk sali’g’i’, wo’nimnin’ wo’zine tu’ser bahasi’, da’ramat ha’m qa’rejetlerdin’ yesaplani’li’wi’na wo’z ta’sirin tiygizedi. Ka’rxana aktivinin’ qaldi’q (balans) summasi’ni’n’ aktivtin’ quni’ qaplanatug’i’n summadan asi’p ketiwi bul aktivtin’ qa’dirsizleniwi boli’p yesaplani’ladi’.[2] Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw jollari’ №36 FYeXS “Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi” nde ko’rsetilgen. FYeXS №36 “Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi” 1997-ji’li’ yengizilgen boli’p wog’an 1998, 2004, 2008, 2009, ha’m 2013-ji’llari’ wo’zgerisler kirgizilgen. Al O’zbekistanda aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplawdi’ aktivlerdi qayta bahalaw arqali’ a’melge asi’rsaq boladi’. Sebebi aktivlerdi qayta bahalawdi’ wo’tkeriwde aktivtin’ funkcional yeskiriwi (qa’dirsizleniwi) bahasi’n

[2] FYeXS “Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi”

ani'qlaymi'z. Funkcional yeskiriw bahasi'n ani'qlawda bahalawshi' sheshi'p bolatug'i'n funkcional yeskiriw ha'm sheship bolmaytug'i'n funkcional yeskiriwdi yesaplaydi'.

Ekonomikada reformalardi' teren'lestiriw ha'm woni' modernizaciyalaw na'tiyjesinde jan'a ka'sip – bahalawshi'lardi'n' ju'zege keliwine sebepshi boldi'. Jan'a xi'zmetke bolg'an talaplardi'n' wo'siwi menen birge bul tarawda bahalaw procesinin' ni'zam ha'm uslubli'q tiykarlari' jarati'ldi', ma'mleket organlari' ta'repinen bahalaw standartlari' yengizildi. Aktivlerdi bahalaw menshiklestiriw, isenimli basqari'wg'a wo'tkeriw, sonday-aq ijarag'a beriw ha'm sati'w proceslerinde, milliylestiriwde, sati'p ali'w, ipoteka kreditlewde, ustav fondlari'n u'lesler arqali' qa'liplestiriwde ha'm a'lbette aktivlerdin' bazar bahasi'n, qa'dirsizleniwin yesaplawda a'hmiyetli wori'n tutadi'. O'zbekistanda bazar ekonomikasi'ni'n' rawajlani'wi' menshiklestiriwdin' ha'r qi'yli' formalari' ha'm jeke mu'lk iyesinin' payda boli'wi'na, xojali'q tarawi'nda jeke mu'lk obiektlerinin' arti'wi'na ali'p keldi. Wo'z jeke mu'lkine iye boli'wdi' qa'legen ha'r bir shaxsta woni'n' haq-huquqlari' menen baylani'sli' ko'p mashqalalar ha'm sorawlar payda boladi'. Solardan biri mu'lk obiektinin' baha ma'selesidur. Bul ma'selenin' sheshiliwi sho'lkemler, firmalar, akciyonerlik kompaniyalar, finansli'q institutlar moyni'ndadur. Sho'lkemlerdin' akciyonerlik ja'miyetke aylani'wi', ipoteka kreditlerinin', bazar fondi' ha'm qamsi'zlandi'ri'w tarawi'ni'n' arti'wi' jan'a xi'zmetlerge – aktivler, obiektler bahasi'n bahalaw ha'm jeke mu'lkke iyelik huquqi'na za'ru'rlik qa'liplesti. Bahalaw procesi ma'mleketimizdegi ekonomikali'q qayta quri'w procesi ushi'n za'ru'r bolg'an rawajlang'an infrastrukturani' du'ziw imkaniyati'n beredi. Bugingi ku'nde wo'zine tu'ser bahani' bazar ekonomikasi' sharayati'nda bahalaw xojali'q ju'ritiwde u'lken wori'ndi' iyeleydi. Jeke mu'lkshilikte ha'r qi'yli' obiektlerdin' bahasi'n belgilew na'tiyjesi ma'mleket ha'm jeke sektorlarda ko'p qararlar qabi'l qi'li'wda xi'zmet qi'ladi'. Aktivlerdin' bahasi'n belgilew, qa'dirsizleniwin yesaplaw zamango'y biznesmen, finansist ha'm menejer arsenali'ni'n' aji'ralmas bo'legine aylandi'. Bazar ekonomikasi'

sharayati'nda bahalaw iskerligi haqqi'nda ko'zqarasqa iye bolmasa, a'piwayi' puxarag'a ha'm, a'hmiyetli lawazi'mdag'i' shaxsqa ha'm, siyasatshi'g'a ha'm, isbilermenge ha'm qi'yi'n boladi'.

*Bahalaw tu'sinigi ha'm a'hmiyeti.*

Bazar ekonomikasi' sharayati'nda sati'wshi' ha'm, ali'wshi' ha'm sha'rtnama du'zip, ta'wekel qi'lar yeken, wozin qi'zi'qti'rg'an obiekttin' sati'li'w bahasi' haqqi'nda biliwdi qa'leydi. Bi'raq obiekttin' bazar bahasi' sha'rtnama imzalang'annan keyin belgili boladi'. Sha'rtnamani'n' bazar bahasi' tiykari'nda sati'wshi' ha'm qari'ydardi'n' baha ma'selesinde kelisiwinde sheshiwshi na'tiyje si'pati'nda ishki mug'dar – ani'q bazar sharayati'nda san ta'repinen ani'qlang'an, wo'zi menen bazar bahasi'n beretug'i'n baha kiredi. Usi' mug'dardi' ekspert-bahalawshi' ani'qlawg'a ha'reket qi'ladi'. O'zbekistan Respublikasi'ni'n' "Baholash faoliyati haqida" Qarari' 3-statyasi'nda bahalaw iskerligi bahalawshi' sho'lkemnin' bahalaw obiekti quni'n ani'qlawg'a qarati'lg'an iskerlik tu'siniledi. Bahalawshi'lar aktivtin' bahasi'n ani'qlawda uli'wma bazardi'n' jag'dayi' ha'm usi segment haqqi'nda bar bolg'an basqa mag'li'wmatlarg'a qosi'msha ra'wishte buyi'rtpashi' ta'repinen usi'ni'lg'an, si'rtqi' dereklerden kelip tu'sken mag'li'wmatlardan paydalani'ladi'. Ali'ng'an mag'li'wmatlar tiykari'nda obiektti jarati'w ushi'n sari'plang'an pul mug'dari', woni'n' keltirgen paydasi', bul payda menen birge turg'an qa'wip-qa'ter ha'm basqa jag'daylar yesaplani'p shi'g'i'ladi'. Ani'qlang'an mug'dar sha'rtnamani'n' bolajaq bahasi'na mas keliwi ha'm, wonnan parq qi'li'wi' ha'm mu'mkin. Bunnan ti'sqari', belgili bir obiekt boyi'nsha sati'wshi' ha'm qari'ydardi'n' buyi'rtpasi'n wori'nlay turi'p bahalawshi' ha'r qi'yli' mug'darg'a iye boladi', soni'n' menen birge, buyi'rtpashi'lar ta'repinen ku'tilmegen mag'li'wmatlar bazasi'na dus keliw jag'daylari' ha'm ushrasi'p turadi'.

*Qayta bahalawdi' wo'tkeriwdin' a'hmiyetliligi.*

Qayta bahalaw sali'qlar ha'm amortizaciya ajiratpalari'n muwapi'qlasti'ri'w imkani'n beredi. Bul, wo'nimnin' wo'zine tu'ser bahasi', finansli'q na'tiyjeler ha'm kompaniyani'n' abiroyi'na ta'sir ko'rsetedi. A'lbette, kerekli na'tiyjelerdi

ali’w ushi’n  puxta ha’m ta’jriybeli jandasi’w za’ru’r. Ko’pshilik ha’r qi’yli’ operaciyalardi’n’ ekonomikaliq’ mazmuni’n umi’ti’p qoyadi’. Xojali’q ju’ritiwdin’ barli’q subektleri ushi’n ma’jbu’riy bolg’an  tiykarg’i’ qurallar, tamamlanbag’an quri’li’s ha’m wornati’lmag’an a’spab u’skenenin’ ha’r ji’lg’i’ bahalani’wi’ tek g’ana buxgalterge tiyisli yemes. Sebebi woni’ wo’tkeriwden tiykarg’i’ maqset – ka’rxanani’n’ ji’l ushi’n strategik maqsetlerin yesapqa ali’w. Biraq bug’an tek g’ana joqari’ basqari’w buwi’ni’ni’n’ qatnasi’wi’ menen yerisiwi mu’mkin.

*Qayta bahalawdi’n’ yen’ na’tiyjeli, paydali’ usi’li’.*

1-yanvar jag’dayi’ boyi’nsha tiykarg’i’ fondlardi’ ha’r ji’li’ qayta bahalawdan wo’tkeriw ta’rtibi haqqi’ndag’i’ ni’zam (ИВ, МВ ва ДСҚнинг АВ томонидан 4.12.2002 йилда 1192-сон билан рўйхатдан ўтказилган қарори билан тасдиқланган) menen sho’lkemlerge tiykarg’i’ qurallardi’n’ ha’r bir gruppasi’ ushi’n qayta bahalawdi’n’ to’mendegi usi’llardi’n’ birin g’a’ressiz tan’law huquqi’ berilgen:

Qayta bahalawdi’ wo’tkeriw da’wirde 1-yanvarg’a du’zilgen, bahalani’p ati’rg’an aktivge tiykari’nan uqsas bolg’an jan’a obiektlerge hu’jjetler tiykari’nda tasti’yi’qlang’an bazar bahalari’ boyi’nsha arnawli’ obiektler bahasi’n g’a’ressiz yesaplaw joli’ menen;

Tiykarg’i’ fondlar  tu’rleri boyi’nsha ha’m wolardi’ sati’p ali’w da’wirlerine baylani’sli’li’qta bo’listirilgen tiykarg’i’ fondlar bahasi’n wo’zgertiriw indekslerin qollag’an jag’dayda ayri’m obiektlerdin’ da’slepki (tikleniw) bahasi’n indekslew joli’ menen ani’qlaw. (qosi’msha 1)Indekslew usi’li’ qayta bahalawdi’ wo’tkeriw qa’rejetlerin qi’sqarti’ri’wdi’ qa’lewshiler ushi’n qolayli’. Biraq usi’ usi’l basqari’wshi’lar ushi’n, a’sirese ka’rxanadag’i’ islerdin’ real jag’dayi’n biliwdi qa’leytug’i’n mu’lkdar ushi’n ba’rqulla maqsetke muwapi’q yemes. Bir ta’repten, ka’rxana basqarmasi’ qayta bahalawdi’n’ tiykarg’i’ qurallardi’n’ yen’ kem bahasi’n ali’w imkani’n beretug’i’n usi’ldi’ qollawdi’ apzal ko’redi. Sebebi, wolardi’n’ ko’zqarasi’ boyi’nsha, bul jag’day mal-mu’lk salig’i’ yesap-kitabi’nda sali’q sali’natug’i’n

bazani’ kemeytiriw imkaniyati’n beredi, biraq tiykarg’i’ qurallardi’n’ bahasi’ni’n pa’s boli’wi’ amortizaciya aji’ratpalari’n kemeytiredi, al bul jag’day, wo’z na’wbetinde, sali’q sali’natug’i’n paydani’n’ wo’siwine ha’m buni’n’ aqi’betinde, payda sali’g’i’ni’n’ ko’beyiwine ali’p keledi. Basqa ta’repten, aylani’s kapitali’ni’n’ bar bolg’an ha’m sali’q basi’mi’ salmaqli’ bolg’an bazar ekonomikasi’ni’n’ sharayati’nda ka’rxanalar wolardi’ qayta bahalawda tiykarg’i’ qurallardi’n’ bahasi’n asi’ri’wdan ma’pdar boli’wi’ mu’mkin. Bunday jag’dayda wo’nim wo’zine tu’ser bahasi’na kiritiletug’i’n amortizaciya aji’ratpalari’ payda sali’g’i’ boyi’nsha sali’q sali’natug’i’n bazani’ kemeytiredi. Bunnan ti’sqari’, wolar a’dette mal-mu’lk sali’g’i’n ko’p yese asi’radi’ ha’m ka’rxanani’n’ yesap-kitaplari’nda qalg’an halda, tiykarg’i’ qurallardi’ ta’krar islep shi’g’ari’w ha’m wo’z aylani’s qarji’lari’n tolti’ri’w ushi’n isletiliwi mu’mkin. Biraq tiykarg’i’ qurallardi’ qayta bahalaw ka’rxanag’a tek g’ana sali’q sali’wdi’ muwapi’qlasti’ri’wda paydali’ yemes.

*Ka’rxanani’ basqariwdi’n’ na’tiyjeliligin asi’ri’w ushi’n qayta bahalawdan paydalani’w jollari’.*

Tiykarg’i’ qurallardi’ duri’s bahalaw wo’nimnin’ real wo’zine tuser bahasi’n ha’m bahasi’n qa’liplestiriw ushi’n za’ru’r. Bul jag’day tutini’wshi’ ushi’n gu’reste, investiciyalardi’ jalp yetiwde u’lken rol oynaydi’. Sebebi aktivlerdin’ bahalari’n biliw ha’m woni’ investorlarg’a da’liylep beriw ushi’n za’ru’r, sebebi ka’rxana aktivlerinin’ bahasi’ – baylani’slarda, mi’sali’, kepil yamasa girew mug’dari’n belgilewde tiykarg’i’ da’lil boladi’. Qayta bahalaw mal-mulkti yamasa woni’n’ bir bo’legin sati’wda a’hmiyetli, sebebi payda salig’i’ ha’m qosi’msha qun sali’g’i’ aktivtin’ sati’w ha’m balans bahalari’ wortasi’ndag’i’ pariqtan kelip shi’g’i’p yesaplani’ladi’. Na’tiyjede, ka’rxanag’a kredit beriw, woni’n’ ustav kapitali’n ko’beytiw yamasa tiykarg’i’ qurallardi’ basqa ka’rxanani’n’ ustav kapitali’na kiritiw maqsetinde, tiykarg’i’ qurallar bahasi’ni’n’ pa’s bolmawi’ ushi’n a’hmiyetli. Bul ma’seleler sali’q sali’w sistemasi’na qaramastan barli’q xojali’q ju’rgiziwshi subektlerdi qi’zi’qti’radi’. Ta’jiriybenin’ ko’rsetiwinshe, ko’pshilik ka’rxanalar berilgen mu’ddettin’

aqi’ri’na kelgen waqi’tlari’ qayta bahalaw haqqi’nda oylay baslaydi’ ha’m bir qansha aktiv mu’lkdarlar wo’z buyi’rtpalari’n berip bolg’annan keyin ekspertlerge usi’ni’s qi’ladi’. Tiykarg’i’ qurallardi’n’ bahasi’ ekspert qayta bahalawg’a wo’z mu’ta’jligi bolg’an ka’rxanalar ilaji’ bari’nsha aldi’ni’raq qa’niygelerge usi’ni’li’wi’ kerek. Bul bahalawshi’larg’a a’hmiyetli jumi’sti’ waqi’tti’ u’nemlew rejminde emes, al rejeli ta’rtipte wori’nlaw imkaniyati’n beredi. Qayta bahalawdan tuwri’ paydalani’w, wonnan zi’yan ko’rmew, kerisinshe, ko’birek payda ali’w maqsetke muwapi’q. Sol sebepli bahalawshi’ni’ tan’law ha’m woni’n’ menen birgelikte wazi’ypalardi’ qoyi’wda ka’rxanani’ na’tiyjeli basqari’w ushi’n qayta bahalaw na’tiyjelerinen bunnan keyin paydalaniw za’ru’rligin yesapqa ali’w kerek.

## II bap boyi'nsha juwmaqlaw

II bap 3 bo'limnen ibarat boli'p 1-bo'liminde pul qa'dirsizleniwi bolmag'an ekonomika mashqalalari' ashi'p ko'rsetilip bunda tiykari'nan 29-sanli' FYEXS "Giperinflyaciya sharayatlari'nda finansli'q yesabatlar" di'n' a'hmiyeti ha'm paydalani'w jollari' ko'rsetildi. 2-bo'liminde ka'rxana aktivlerinin' qa'dirsizleniwin yesaplaw obiekti, wazi'ypalari' ha'm mag'li'wmatlardi' ji'ynaw mashqalalari' ashi'p ko'rsetildi. Qa'dirsizleniwdi yesaplaw ushi'n birinshi wazi'ypalardi'n' biri bul qa'dirsizleniwdi yesaplaw kerek bolg'an obiektti belgilep ali'w. Obiektti belgilewimiz ushi'n qa'dirsizleniw belgilerin aniqlawimiz sha'rt. Qa'dirsizleniw belgileri ishki ha'm si'rtqi' boli'p bo'linedi. Si'rtqi' faktorlarg'a aktivtin' bazar bahasi'ni'n tu'sip ketiwi, ka'rxanag'a unamsi'z ta'sir yetiwshi ekonomikali'q, texnologiyali'q, yuridikali'q wo'zgerislerdin' ju'z beriwi. Ishki faktorlarina aktivtin' moralli'q yeskiriwi, ekonomikali'q paydani'n' ku'tilgennen to'men boli'wi'.

3-bo'liminde ka'rxana aktivlerin qayta bahalaw arqali' aktivlerdin' qa'dirsizleniwin yesaplaw jollari' ko'rsetildi. Ka'rxana aktivlerinin' qa'dirsizleniwin 36 sanli' FYeXS "Aktivlerdin' qa'dirsizleniwi" boyi'nsha yesaplaw jollari' ha'm aktivlerdin' qa'dirsizleniwi haqqi'nda standart yengizilmegen ma'mleketler ushi'n aktivlerdi qayta bahalaw arqali' aktivlerdin' qa'dirsizleniwin yesaplaw jollari' ahi'p ko'rsetilgen.

# III-BAP. “O’ZBEKTELEKOM” Akcionerlik Kompaniyasi’ni’n’ aktivlerinin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw ha’m wolardi’ ka’rxanani’n’ finansli’q yesabatlari’nda ko’rsetiw

## 1. “O’zbektelekom” akcionerlik kompaniyasi’ haqqi’nda qi’sqasha mag’li’wmat

“O’zbektelekom” akcionerlik kompaniyasi’ – wo’z tarmag’i’ menen pu’tin respublikami’z teretoriyasi’n wo’z ishine alg’an en’ u’lken telekommunikaciya operatori’ boli’p yesaplanadi’. Kompaniya zamanago’y texnologiyalar tiykari’nda quri’lg’an wo’z telekommunikaciya tarmag’i’nan paydalani’p, telekomunikaciya xi’zmetlerinin’ ken’ tu’rlerin usi’ni’s yetedi. “O’zbektelekom” akcionerlik kompaniyasi’ni’n’ tiykarg’i’ maqseti pu’tin O’zbekstan teretoriyasi’nda ku’nige 24 saat dawami’nda xalqi’mi’zdi ha’m ma’mleketlik sho’lkemlerdi en’ zamanago’y ha’m si’patli’ telekommunikaciya xi’zmetleri menen ta’miyinlew boli’p yesaplanadi’. Kompaniyani’n’ ekonomikali’q iskerliginin’ tiykari’ boli’p barli’q tuti’ni’wshi’lardi’ pu’tin respublika teretoriyasi’nda qalalar ara, xali’q arali’q baylani’s xi’zmetlerin ko’rsetiw boli’p tabi’ladi’. Soni’n’ menen birge kompaniya tiykari’nan dawi’sli’ baylani’s ha’m internet tarmag’i’na qosi’li’w xi’zmetleri menen birge si’mli’ ha’m si’msi’z texnologiyalar boyi’nsha mag’li’wmatlar jiberiw kibi zamanago’y xi’zmetlerdi ko’rsetedi. 2012-ji’li’ kompaniya xali’qqa to’mendegi jan’a xi’zmet tu’rlerin jaratti’.

- “Uygacha optika” texnologiyalari’ boyi’nsha HD formatta televizion programmalardi’ jetkerip beriw imkaniyati’ menen IPTV interfaol televideniya, videotelefoniya ha’mde kompaniya korporativ klientler ushi’n videokonferens baylani’s xi’zmeti komersiyali’q paydalani’wg’a yengizildi.
- Basqa operatorlardi’ qosi’w, baylani’s operatorlari’ ha’m provayderlerine kanallardi’ ijarag’a beriw xi’zmetleri yengizildi

CDMA standartindag’i’ mobil si’msi’z baylani’s ken’ rawajlani’p kiyati’rg’an xi’zmetlerden biri yesaplanadi’. Kompaniya ushi’n ba’sekinin’ ku’sheyiwi ha’mde respublikada ha’zirgi dawirde ku’shli baylani’s operatori abi’royi’n

saqlap qali'w ha'm bekkemlew sharayati'nda "O'zbektelekom" AK jan'a bazarlardi' ashi'p ha'm innovaciya servislerin rawajlandi'ri'p, ekonomikali'q iskerliginin' aktiv diversifikaciyasi'n ali'p bardi'. "O'zbektelekom" AK ja'nede jedel rawajlani'wi' ushi'n u'lken imkaniyatlar ha'm infradu'zilme resurslari'na iye.Keyingi ji'llari' kompaniya telefon stanciyalari' ha'm magistral baylani's kanallari'ni'n' ko'p bo'limin modernizaciyalap, wo'z tarmag'i'ni'n' texnologiyali'q imkaniyatlari'n keskin bekkemledi ha'm ken'eytirdi. Kompaniya tarmag'i'ni'n' infradu'zilmesi du'nyani'n' qa'legen jerinen millionlap tuti'ni'wshi'lardi' baylani'sti'ri'wg'a sha'rayat jaratadi'. Kompaniya baylani's operatorlari' tarmaqlari'na tuwri'dan-tuwri' xaliq ara shi'g'i'wlarg'a iye boli'p, shet el operatorlari' trafik tranzit boyi'nsha xali'q ara operatorlar ha'm kompaniyalar menen wo'zara sheriklik qi'ladi', derlik qa'legen ko'lemde xali'q ara sanli' kanallardi' ijarag'a beredi. "O'zbektelekom" AK Elektr baylani'si' tarawi'nda Mintaqaviy hamjamiyat (RSS) operatorlari' ken'esi qurami'na kiredi, basqa birqansha xali'q arali'q sho'lkemlerde qatnasadi'.

"O'zbektelekom" AK O'zbekstan Respublikasi' prezidentinin' 2000-ji'l 28-iyundag'i' "Telekommunikaciyalar tarawi'n basqari'wdi' jedellestiriw boyi'nsha sharalar haqqi'ndag'i'" PQ-2647 sanli' Pa'rmani'na muwapi'q ha'm O'zbekstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' 2000-ji'l 30-iyundag'i' " "O'zbektelekom" AK si'n du'ziw ma'seleleri haqqi'nda" 253-sanli' qarari' menen ashi'q tu'rdegi akciyonerlik ja'miyeti formasi'nda du'zilgen. "O'zbektelekom" AK 32 694 633 dana akciyalarg'a ajrati'lg'an. 37 729 606.482 mi'n' sum mug'dari'ndag'i' Ustav fondi' to'mendegishe bo'listirilgen.

- Ma'mleket u'lesi 45% (14 712 585 dana akciya)
- Shet el investori' u'lesi 49% (16 020 370 dana akciya)
- O'zbekstan Respublikasi' rezidentleri yuridik ha'm fizikali'q shaxslar u'lesleri 6 % (1 678 dana akciya)

Akciyalar 1 154 sum nominal bahalarda, 32 694 633 dana 37 729 606.482 mi'n' sum naq pulsi'z formada, soni'n' ishinde 31 579 649 dana a'piwayi' nominal ha'm 1 114 984 dana imtiyazli' nominal akciyalar shig'ari'lg'an.

Keyingi ji'llarda kompaniya telefon stanciyalari' ha'm baylani's magistral liniyalari'ni'n' tiykarg'i' bo'legin modernizaciyalasti'ri'p, wo'z tarmag'i' texnologiyali'q imkaniyatlari'n bekkemledi ha'm ken'eyttirdi. Dawi’sli’ ha’m paketli kommunikaciya xali’q arali’q baylani’slari’n modernizaciyalaw ha’m imkaniyatlari’n ken’eytiriw isleri a’melge asi’ri’ldi’. Bul ha’reketlerdin’ barli’g’i’ so’zsiz kompaniyag’a respublikada ku’shli infradu’zilmeli baylani’s operatori’ abiroyi’n saqlap qali’w ha’m bekkemlew imkaniyati’n jaratti’. 2012-ji’l juwmaqlari’ boyi’nsha uli’wma xojali’q iskerliginen da’ramatlar rejesi 114 %g’a ori’nlani’ldi’ha’m alding’i’ jilg’a sali’sti’rg’anda 48 %g’a wo’sti. Xali’qqa ko’rsetilgen xi’zmetlerden da’ramatlar aldi’ng’i’ ji’l ko’rsetkishlerine qarag’anda 27 % g’a wo’sti. 2012-ji’lda “O’zbektelekom” AK da’ramatlari’n asi’ri’w maqsetinde bir qansha kommerciyali’q ha’m marketing seminarlari’n wo’tkerdi.

Xali’q ushi’n IP-telefoniya /videotelefoniya (NGN) xi’zmetlerin uluwmalasti’ri’w, alg’a su’riw ha’m uli’wma talaplardi’ ta’miyinlew – interfaol televideniye (IPTV) xi’zmetlerinen da’ramatlar rejesin 157 % g’a, texnik servis rejesin 126 % g’a, videotelefoniya rejesin 2.4 esege wo’ri’nlani’wi’n ta’miyinlewge imka’niyat jaratti’. xDSL ha’m FTTx texnologiyalari’ boyi’nsha ken’ polasali’ qosi’li’w abonentleri sani’ 2012-ji’lda 111 811 abonentke jetti ha’m yesabat da’wiri basi’na sali’sti’rg’anda 52 % g’a wo’sti, CDMA-450 standarti’nda si’msi’z radiojalg’ani’w abonentleri sani’ 191 890 abonentke jetti ha’n 2.0 yesege wo’sti.

2012-ji’l II sheregi na’tiyjeleri boyi’nsha uli’wma xojali’q iskerligi da’ramatlar rejesi 132 % g’a wo’ri’nlandi’ ha’m wo’tken ji’lg’a sali’sti’rg’anda 86 % g’a wo’sti.

2012-ji’l II sheregi na’tiyjeleri boyi’nsha xali’q arali’q internet-kanali’ni’n’ uli’wma ko’lemi 5 145 Mbit/s. ha’m 2012 – ji’l I shereginde 310 Mbit/s. ga wo’sti. 2012-ji’l 2-fevraldan provayderler ushi’n internet – xi’zmetler (si’rtqi’ kanal) ine tarifler bahasi’ 1 Mbit/s. ushi’n 475 AQSH $ na tu’sirildi. 2010-ji’l basi’na sali’sti’rg’anda tarifler bahasi’ 3.05 ese arzanlasti’ri’ldi’. 2-fevraldan

$495 ha’m 13-aprelden $475 ha’m 30-aprelden baslap 1 Mbit/s. qa $457 g’a shekem tu’sirildi.

“O’zbektelekom” AK ni'n' buxgalteriya balansi’-1-sanli’ forma (mi’n’ sumda) 6-keste

| **AKTIV** | 2011-ji’l 31-dekabr jag’dayi’na | 2012-ji’l 31-dekabr jag’dayi’na |
|---|---|---|
| Tiykarg’i’ qurallar | 306 010 241 | 364 019 606 |
| Materiyalli’q yemes aktivler | 1 092 361 | 1 543 246 |
| Basqa uzaq mu’detli aktivler | 510 610 468 | 297 964 004 |
| TMZ | 31 422 850 | 57 684 207 |
| Pul qarji’lari’ | 72 972 754 | 41 772 178 |
| Yesap kitaplar ha’m basqa aktivler | 70 816 363 | 78 781 216 |
| **Balans aktivi boyi’nsha ja’mi** | **992 925 037** | **841 764 457** |
| **PASSIV** | | |
| Wo’z qarji’lari’ derekleri | 358 110 163 | 271 922 271 |
| Uzaq mu’ddetli qari’zlar | 532 218 597 | 435 618 166 |
| Yesap kitap ha’m basqada qari’zlar | 102 596 277 | 134 224 020 |
| **Balans passivi boyi’nsha ja’mi** | **992 925 037** | **841 764 457** |

## 2. “O’zbektelekom” akcionerlik kompaniyasi’ni’n’ aktivleri qurami’ ha’m wolardi’n’ analizi

2012-ji’l dawami’nda “O’zbektelekom” AK ta’repinen ko’rsetilgen telekommunikaciya xi’zmetlerinen yesaplang’an da’ramat 667.6 mlrd sumdi’ quradi’. Tarifler boyi’nsha da’ramatlar da’rejesi wo’tken ji’lg’a sali’sti’rg’anda 48 %g’a wo’sti. Xali’qqa ko’rsetilgen baylani’s xi’zmetleri mug’dari’ 115.6 mlrd sum, wo’tken ji’lg’a sali’sti’rg’anda wo’siw da’rejesi 127 %di’ quradi’. Eksport xi’zmeti wo’tken ji’lg’a sali’sti’rg’anda 1.64 yesege wo’sti. Tarawdan

ti’sqari’ basqa xi’zmetlerden yesaplang’an da’ramat 119.8 mlrd sumdi’ quradi’. Finansli’q iskerlik boyi’nsha da’ramatlar 40.3 mlrd sumdi’ quradi’.

(7-keste) **Da’ramatlar dinamikasi’ (mlrd. sum)**

| **Ko’rsetkishler** | **2011** | **2012** | **Wo’siw, %** |
|---|---|---|---|
| Xali’q ara baylani’s boyi’nsha wo’zara yesap-kitaplar | 203 | 365 | 180 |
| Jergilikli telefon baylani’si’ | 66 | 72 | 108 |
| Kanallar ijarasi’ | 41 | 51 | 125 |
| Mobil baylani’s operatorlari’n qosi’w | 41 | 40 | 98 |
| Qalalar arali’q, xali’q ara telefon baylani’si’ | 37 | 39 | 106 |
| Internet ha’m mag’li’wmatlar uzati’w tarmag’i’ | 28 | 34 | 123 |
| IP-telefoniya | 19 | 23 | 125 |
| Si’msi’z radiojalg’ani’w | 9 | 19 | 202 |
| Baylani’s xi’zmetinen basqa da’ramatlar | 8 | 25 | 316 |
| **JA’MI** | **450.8** | **667.6** | **148** |

1-diagramma *“O’zbektelekom” AK 2012-ji'l ushi'n qa'rejetleri*




2012-ji’l ushi’n qa’rejetlerdin’ ja’mi mug’dari’ 750.6 mlrd sumdi’ quraydi’. Qa’rejetlerdin’ ja’mi qa’rejetlerdegi u’lesi:

- Wo’ndiris qa’rejetleri – 38.9 %
- Adminstrativlik qa’rejetler – 2.3 %
- Operacion qa’rejetler – 20.4 %
- Sati’w qa’rejetleri – 1.3 %
- Finansli’q qa’rejetler – 37.1 %

2-diagramma. **“O’zbektelekom” AK ni’n’ ji’llar boyi’nsha uli’wma da’ramatlar ha’m qa’rejetler dinamikasi’**




**“O’zbektelekom” AK tiykarg’i’ ekonomikali’q ko’rsetkishleri**

Ji’l juwmag’i’ boyi’nsha “O’zbektelekom” AK sap paydasi’ – 13.5 mlrd sumnan ibarat boli’p, wo’tken ji’lg’a sali’sti’rg’anda wo’siw da’rejesi 38.1 % di’, iskerlik rentabelligi 2.2 % di’ quradi’. Jumi’sshi’lardi’n’ miynet na’tiyjeliligi 55.3 % g’a wo’sti ha’m bir jumi’sshi’g’a tuwri’ keletug’i’n bir ayli’q da’ramat 3 820 mi’n’ sumdi’ quradi’. Sati’wdan ali’ng’an da’ramat boyi’nsha marja – 23.6%. Sap payda boyi’nsha marja – 2.2 %. 100 sum tu’siw wo’zine bahasi’ – 76.4 sum. OIBDA (( angl. Operating Income Before Depreciation And Amortization) — analitikali’q ko’rsetkish, tiykarg’i’ qurallar ha’m materiyalli’q yemes aktivlerdin’ amortizaciyasi’n yesaplamastan aldi’n’g’i’ operacion da’ramat) – 204 314 mln sum. OIBDA marja – 33.1 %. EBITDA ((angl. Earnings before Interest, Taxes, Depreciation and Amortization) — analitikali’q ko’rsetkish, sali’q to’lemleri, amortizaciyali’q ha’m kredit payi’zlari’ qa’rejetlerin yesaplamastan aldi’ng’i’ payda)– 95 430 mln sum. EBITDA marja – 15.4 %

8-keste **Tiykarg'i' ekonomikali'q ko'rsetkishler (mln. Sum.)**

| **Ko'rsetkishler** | **2011-j** | **2012-j** | **Wo'siw %** |
|---|---|---|---|
| Tovarlar (xi'zmetler)di sati'wdan sap tu'sim | 409 511 | 617 894 | 50.9 |
| Qa'rejetler | 351 120 | 471 960 | 34.4 |
| Sati'wdan ali'ng'an da'ramat | 58 391 | 145 934 | 149.9 |
| Da'ramat (payda) sali'g'i'n to'legenge shekemgi payda | 14 926 | 27 398 | 83.6 |
| Sap payda | 9 814 | 13 553 | 38.1 |

## 3. “O’zbektelekom” akcionerlik kompaniyasi’ aktivlerinin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw ha’m wolardi’ finansli’q yesabatda ko’rsetiw

9-keste. Qa’dirsizleniwi yesaplani’p ati’rg’an aktiv haqqi’nda mag’li’wmat:

<table>
<tr><td>Avtotransport tu’ri</td><td>Islep shi’g’ari’lg’an ji’li’</td><td colspan="2">Dvigatel</td><td>Ren’i</td></tr>
<tr><td>Gazel-32213</td><td>2001 j</td><td colspan="2">40630A13321569</td><td>Aq</td></tr>
<tr><td colspan="5">Qosi’msha mag’li’wmat</td></tr>
<tr><td>Balans summasi’</td><td>Qaldi’q summasi’</td><td>Basi’p wo’tken joli’</td><td>Eskiriwi</td><td>Jag’dayi’</td></tr>
<tr><td>8 169 336</td><td>0</td><td>201 718,3</td><td>70%</td><td>Sha’rtli ra’wishte jaramli’</td></tr>
</table>

Bul mag’li’wmatlar aktivti ko’zden keshirgende, identifikaciya qi’lg’anda mag’li’wmatlarg’a tiykarlani’p ani’qlani’ldi’.

Biz bul aktivtin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw ushi’n mulkti bahalaw milliy standartlari’na tiykarlani’p qayta bahalaw arqali’ aktivtin’ jan’a bahasi’n yesaplap shi’g’arami’z.

Qa’rejetler usi’li’ arqali’ aktivtin’ jan’a bahasi’n shi’g’arami’z. Avtotransport qurali’n qa’rejet usi’li’ arqali’ qayta bahalaw procesi wolardi’n’ ani’q nusqasi’n jarati’w yamasa fizikali’q yeskiriwdi shegirip taslag’an halda yesaplawg’a tiykarlanadi’ ha’m to’mendegi izbe izlikte a’melge asi’ri’ladi’:

A) Tikleniw bahasi’n yamasa almasti’ri’w bahasi’n ani’qlaw

B) Fizikali’q yeskiriwin ani’qlaw

C) Bazar bahasi’n ani’qlaw

Tikleniw bahasi’ to’mendegi metodlardi’n’ biri ja’rdeminde yesaplani’ladi’:

- Uqsas obiekt bahasi’ boyi’nsha yesaplaw usi’li’;
- Elementlerge bo’lip yesaplaw usi’li’
- Indeks usi’li’

Elementlerge bo’lip yesaplaw usi’li’nda – bahalaw obiekti arnawli’ tuzellar ha’m bloklardan ibarat bolg’anda ha’m woni’ ji’ynawda qa’niygeler aralasi’wi’n talap yetetug’i’n jag’daylarda qollang’anli’g’i’ sebepli, bahalaw obiektin bahalawda bul usi’ldan paydalani’lmaydi’. Indeks usi’li’nda yesaplaw procesinde avtotransport qurali’ni’n’ balans bahasi’ ha’mde indeks usi’li’nda ani’qlang’an bahalardi’n’ nol bolg’anli’g’i’ sebepli bul usi’ldan da paydalani’lmaydi’. Tikleniw bahasi’n ani’qlawda internet saytlari’ arqali’ Gazel-32213 markali’ avtotransport qurali’ ma’mleketimiz bazarlari’ ha’m dillerler mag’li’wmatlari’na tiykarlani’p to’mendegi mag’li’wmatlar ani’qlani’ldi’.

10-keste.

| Avtotransport qurali’ | Islep shi’g’ari’w zavodi’ yamasa tovardi’ jetkerip beriwshi | Avtotransport qurali’ni’n’ bahasi’ (AQSH Dollarda) | Avtotransport qurali’ni’n’ bahasi’ (UZB sumda) |
|---|---|---|---|
| Gazel-32213 | “Gaz” avtosaloni’ worayli’q sawda korgizbesi | 11 319 | 24 938 100 |

O’zbekistan Respublikasi’ Worayli’q banki’ni’n’ 07.01.2014 ji’l jag’dayi’na 1 AQSH dollari’ni’n’ sumg’a qatnasi’ kursi’ 2203,22 sumdi’ quraydi’.

Yeskiriw da’rejesin ani’qlaw. O’zbekistan Respublikasi’ Ma’mleketlik mu’lk komitetinin’ “Menshiklestiriw maqsetinde mu’lk bahasi’n ani’qlaw” Mulkti bahalaw milliy standarti’ (8-san MBMS)na muwapi’q avtotransport qurali’ni’n’

fizikali’q yeskiriwin tablicada keltirilgen ko’rsetkishlerge muwapi’q espert joli’ menen ani’qlanadi’. (2-qosi’msha)

Bunnan ti’sqari’ yeskiriw koeficenti ani’q shi’g’i’wi’ ushi’n formuladan paydalani’w kerek.

$$И = \begin{cases} \frac{Пф}{Пн} * 100 & И \leq 90\% бўлса \\ 90\% & И \geq 90\% бўлса \end{cases}$$

Bul jerde И-yeskiriw;

*Пф* – bahalaw sa’nesinde transport qurali’ni’n’ haqi’yqi’y jol basi’wi’ (yamasa jasi’, xi’zmet mu’ddeti), km yamasa ji’l (moto-saat) yesabi’nda;

*Рн* – transport qurali’ni’n’ yesaptan shi’g’ari’li’wi’na shekemgi (kapital won’lani’wg’a shekem) waqi’tta normative jol basi’wi’ (yamasa jasi’, xi’zmet mu’ddeti), km yamasa ji’l (moto-saat) yesabi’nda.

Biraq biz qa’dirsizleniwin yesaplap ati’rg’an avtotransport qurali’ni’n’ ha’reket jag’daylari’ haqqi’nda mag’li’wmatlar (Пн) joqli'g'i' sebepli (2) formuladan paydalani’lmadi’ ha’m na’tiyjede obiekttin’ texnik jag’dayi’na qarap yeskiriw koeficenti shama menen ani’qlani’ldi’.

Usi’ tablicadan ha’mde qa’dirsizleniwi yesaplani’li’p ati’rg’an avtotransport qurali’ni’n’ jag’dayi’nan kelip shi’g’i’p usi’ avtotransport qurali’ni’n’ yeskiriwin 70 % dep belgilep aldi’q.

Avtotransportti’n’ qa’dirsizleniwin yesaplaw ushi’n to’mendegi formula arqali’ avtotransportti’n’ bazar bahasi’n ani’qladi’q.

К=ҚТК*(1-ФЭ/100)= 24 938 100*(1-70/100)=7 481 430

Bunda K – avtotransport qurali’ni’n’ bazar bahasi’

ҚТК- Qayta tiklengen bahasi’

ФЭ-fizikali’q yeskiriwi

Avtotransportti’n’ bazar bahasi’ qa’rejetler joli’ boyi’nsha 7 481 430 sumdi’ quraydi’.

Sali’sti’rmali’ usi’l arqali’ bahalaw

Avtotransport qurali’n sali’sti’rmali’ bahalaw isleri bazar bahalari’ tiykari’nda analog penen tuwri’dan tuwri’ sali’sti’ri’w usi’li’ ja’rdeminde a’melge asi’ri’ladi’. Biz usi’ avtotransport markasi’ndag’i’ jag’dayi’na uqsas bolg’an analoglardi’ ani’qladi’q. 2-qosi’mshada wolardi’ bahalani’p ati’rg’an obiektke qatnas boyi’nsha du’zetiwler tiykari’nda bahaladi’q.

11-keste. Avtotransport qurali’n analoglari’ menen du’zetiwler tiykari’nda bahalaw.

| Ko’rsetkishler | Bahalani’li’p ati’rg’an obiekt | Analoglar (bahalani’li’p ati’rg’an obiektke uqsas avtotransport qurallari’) | | |
|---|---|---|---|---|
| | Gazel-32213 2001 j | Gazel-32213 2007 j | Gazel-32213 1997 j | Gazel-32213 2000 j |
| Usi’ni’li’p ati’rg’an baha | - | 17 381 100 | 8 766 120 | 9 824 100 |
| Du’zetiw | - | -15% | -10% | -10% |
| Du’zetiwden keyingi baha | | 14 773 935 | 7 889 508 | 8 841 690 |
| Texnik jag’dayi’ | Sha’rtli ra’wishte qanaatlandi’-rarli’ | Jaqsi’ | Qanaatlandi’-rarli’ | Jaqsi’ |
| Du’zetiw | | -10% | -5% | -8% |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Du'zetiwden keyingi baha | | 13 296 541,50 | 7 495 032,60 | 8134 354,80 |
| Avariyag'a ushraw jag'dayi' | Ushrama-g'an | Ushramag'an | Ushramag'an | Ushrama-g'an |
| Du'zetiw | | 0% | 0% | 0% |
| Du'zetiwden keyingi baha | | 13 296 541,50 | 7 495 032,60 | 8134 354,80 |
| Qosi'msha qolayli'qlar | Joq | Gazooborudovaniya | Gazooborudovaniya | Gazooborudovaniya |
| Du'zetiw | | -10% | -10% | -10% |
| Du'zetiwden keyingi baha | | 11 966 887,35 | 6 745 529,34 | 7320 919,32 |
| Islep shi'g'ari'lg'an ji'li' | 2001 | 2007 | 1997 | 2000 |
| Du'zetiw | | -10% | 4% | 2% |
| Du'zetiwden keyingi baha | | 10 770 198,62 | 7 015 350,51 | 7467 337,71 |
| Basi'p wo'tken joli' | 202 438 | 90 000 | 350 000 | 250 000 |
| Du'zetiw | | -10% | 10% | 2% |
| Du'zetiwden keyingi baha | | 9 693 178,75 | 7 716 885,56 | 7616 684,46 |
| Du'zetiwler sani' | | 5 | 5 | 5 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Du’zetiw koeficenti | | 34 | 33 | 33 |
| Du’zetiwden keyingi baha | | 3 231 059,58 | 2 572 295,19 | 2538 894,82 |
| Wortasha ani’qlang’an baha | | 8 342 250 | | |

Avtotransport qurali’ sali’sti’rmali’ bahasi’ 8 342 250 sumdi’ quradi’.

Bahalaw obiektinin’ juwmaqlawshi’ bahasi’n yesaplaw.

Avtotransport qurali’n bahalaw na’tiyjelerin muwapi’qlasti’ri’w to’mendegi tablicada sa’wlelengen.

12-keste. Avtotransport qurali’n bahalaw na’tiyjelerin muwapi’qlasti’ri’w tablicasi’

| Usi’llar | Qa’rejetler usi’li’ Кҳар | Da’ramat usi’li’ Кдар | Sali’sti’rmali’ usi’l Кқиёс |
|---|---|---|---|
| Ani’qlang’an baha | 7 481 430 | Qollani’lmadi’ | 8 342 250 |
| Sali’sti’rma wo’lshew koeficentlerin tabi’w formulasi’ | $C_1 = \frac{K_{хар}}{K_{хар} + K_{дар} + K_{киёс}}$ | $C_2 = \frac{K_{дар}}{K_{хар} + K_{дар} + K_{киёс}}$ | $C_3 = \frac{K_{киёс}}{K_{хар} + K_{дар} + K_{киёс}}$ |
| Wo’lshew koeficentleri | C1 = 0,473 | C2 = 0 | C3 = 0,527 |
| Wo’lshem bahasi’ | 3 537 217 | 0 | 4 398 037 |
| Muwapi’qlasti’ri’w bahasi’n tabi’w formulasi’ | Кяк =Кҳар*C1+ Кдар*C2+ Кқиёс*C3 | | |

| | |
|---|---|
| Muwapi’qlasti’ri’l-g’an baha | 7 935 254 |

Bahalaw na’tiyjelerine tiykarlani’p bahalani’li’p ati’rg’an avtotransport qurali’ni’n’ son’g’i’ bahasi’ 7 935 254 sum dep tawi’ldi’.

Yendi bizler aktivtin’ qa’dirsizleniwin yesaplaymi’z. Aktivtin’ balans summasi’ 8 169 336 sum bolg’anlig’i’ sebepli qa’dirsizleniwden ko’rilgen zi’yan 234 082 sum (8 169 336-7 935 254) dep tawi’ldi’ ha’m bug’an to’mendegishe buxgalteriyali’q yesap ju’rgizemiz.

5-sanli’ Buxgalteriya yesabi’ni’n’ Milliy standarti’ “Tiykarg’i’ qurallar” da to’mendegishe yesap ju’rgiziw kerekligi belgilep ko’rsetilgen.

*Tiykarg’i’ qurallar hu’jjetler boyi’nsha tasti’yi’qlang’an bazar bahalari’nda identikaciyalaw yamasa g’a’rezsiz qayta yesap-kitap qi’li’w joli’ menen qayta bahalanadi’.*

*Qayta bahalaw na’tiyjesinde tiykarg’i’ qurallar obiektin qosi’msha bahalaw summasi’ rezerv kapitali’ qurami’ndag’i’ “Mal-mu’lkti qayta bahalaw boyi’nsha du’zetiwler” sshoti’nda yesapqa kiritiledi.*

*Qayta bahalaw na’tiyjesinde tiykarg’i’ qurallar obiekti bahasi’ni’n’ arzanlasqan summasi’ aldi’ng’i’ yesabat da’wirlerde wo’tkerilgen usi’ obiektti qosi’msha bahalaw summalari’ shen’berinde “Mal-mu’lkti qayta bahalaw boyi’nsha du’zetiwler” sshyoti’na rezerv kapitali’ni’n’ kemeyiwine kiritiledi. Obiekt bahasi’ni’n’ arzanlasqan summasi’ woni’ qosi’msha bahalaw summasi’nan joqari’ bolg’anda basqa operacion qa’rejetlerge kiritiledi.*

Demek, bizler usi’ ni’zamg’a boysi’na woti’ri’p to’mendegishe provodka beremiz:

| Dt 0160 | Kt |
|---|---|
| Sb) 8 169 336 | |
| | 234 082 (1) |
| Sa) 7 935 254 | |

| Dt 9430 | Kt |
|---|---|
| Sb) 0 | |
| (1) 234 082 | 234 082 (2) |
| Sa) 0 | |

| Dt | 9910 | Kt |
|---|---|---|
| (2) 234 082 | | |

Demek bunnan ko’rinip turi’pti’ aktivlerdi’n’ qa’dirsizleniwin yesaplaw aktivtin’ mu’lk sali’g’i’ni’n’ arti’q yesaplani’lmawi’ni’n’ ha’m da’ramatlardi’n’ arti’q, al qa’rejetlerdi’n’ az ko’rsetiliwinin’ aldi’n aladi’ ha’m a’lbette bul payda sali’g’i’ni’n’ arti’q yesaplani’lmawi’ menen ta’miyinleydi.

## III bap boyi'nsha juwmaqlaw

III bapta "O'ZBEKTELEKOM" Akcionerlik Kompaniyasi'ni'n' aktivlerinin' qa'dirsizleniwin yesaplaw ha'm wolardi' ka'rxanani'n' finansli'q yesabatlari'nda ko'rsetiw mashqalalari' ashi'p berildi. III bap 3 bo'limnen ibarat boli'p 1 bo'liminde "O'zbektelekom" akcionerlik kompaniyasi' haqqi'nda qi'sqasha mag'li'wmat berildi. Yag'ni'y bunda kompaniyani'n' ashi'liw jag'daylari', aktivler ha'm passivler quramlari', akciyalari, 2012-2013-ji'ldag'i' proektleri, xi'zmetleri haqi'nda so'z yetildi. 2-bo'liminde "O'zbektelekom" akcionerlik kompaniyasi'ni'n' aktivleri qurami' haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlar ashi'p berildi ha'm wolarg'a analiz jasaldi'. Bunda "O'zbektelekom" AK tiykarg'i' ekonomikali'q ko'rsetkishleri, da'ramatlar qurami', da'ramatlar ha'm qa'rejetler dinamikasi' ko'rsetildi ha'm bularg'a analiz jasaldi'. 3-bo'liminde "O'zbektelekom" akcionerlik kompaniyasi' aktivlerinin' qa'dirsizleniwin yesaplaw ha'm wolardi' finansli'q yesabatda ko'rsetiw mashqalalari' ashi'p berildi. Soni'n' menen birge Gazel – 32213 markali' avtotransportti'n' qa'dirsizleniwin yesaplani'li'p ko'rsetildi ha'm wol haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlar finansli'q yesabatlarda aship ko'rsetildi. Na'tiyjede Gazel – 32213 markali' avtotransportti'n' balans summasi' 8 169 336 sum bolg'anlig'i' sebepli qa'dirsizleniwden ko'rilgen zi'yan 234 082 sum (8 169 336-7 935 254) dep tawi'ldi' ha'm bug'an buxgalteriyali'q yesap ju'rgiziw jollari' ko'rsetildi.

# JUWMAQLAW

Ka’rxana aktivleri haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlardi’ ka’rxanani’n’ finansli’q yesabatlari’nan ali’wi’mi’z mu’mkin. A’sirese buxgalteriya balansi’ -1-sanli’ formani’n’ aktiv bo’liminde ka’rxanani’n’ barli’q aktivleri, ha’m ka’rxana aktivlerinin’ baslang’i’sh summasi’, yeskiriw summasi’, ha’m qaldi’q (balans) summalari’ ko’rsetiledi. Bul mag’li’wmatlardan ishki ha’m si’rtqi’ paydalani’wshi’lar paydalanadi’. Paydalani’wshi’lar ha’m investorlar aktivlerdi’n’ tek g’ana buxgalteriya balansi’ -1-sanli’ formadag’i’ mag’li’wmatlar menen sheklenip qali’wdi’ qa’lemeydi al wolar aktivlerdin’quni’ qaplanatug’i’n summasi’ haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlarg’a qi’zi’g’adi’. Aktivtin’quni’ qaplanatug’i’n summa menen aktivtin’ qaldi’q (balans) summasi’ ba’rqulla birdey bola bermeydi’ biraq usi’ yeki summa arasi’nda parq ko’beymewi ushi’n aktivlerdi waqti’ waqti’ menen qayta bahalawdan wo’tkeriw ni’zam menen belgilep qoyi’lg’an. Mi’sali’, O’zbekistan Respublikasi’ 2014-ji’lg’i’ tiykarg’i’ makro ekonomikali’q ko’rsetkishleri prognozi’ ha’m ma’mleket byudjeti parametrleri haqqi’ndag’i’ O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ qarari’nda mikrofirmalar ha’m kishi ka’rxanalar ushi’n tiykarg’i’ qurallardi’ ha’r ji’li’ ma’jbu’riy qayta bahalaw biykar yetilip, woni’ ha’r 3 ji’lda bir ma’rte wotkeriw belgilep qoyi’lg’an. Aktivtin’ qaldi’q (balans) summasi’ mu’lk sali’g’i’, wo’nimnin’ wo’zine tu’ser bahasi’, da’ramat ha’m qa’rejetlerdin’ yesaplani’li’wi’na wo’z ta’sirin tiygizedi. Ka’rxana aktivinin’ qaldi’q (balans) summasi’ni’n’ aktivtin’ quni’ qaplanatug’i’n summadan asi’p ketiwi bul aktivtin’ qa’dirsizleniwi boli’p yesaplani’ladi’. Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw jollari’ №36 Finansli’q Yesapti’n’ Xali’q-arali’q standartlari’ (FYeXS) “Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi” (impairment of assets) nde ko’rsetilgen. FYeXS №36 “Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi” 1997-ji’li’ yengizilgen boli’p wog’an 1998, 2004, 2008, 2009, ha’m 2013-ji’llari’wo’zgerisler kirgizilgen. Al O’zbekistanda aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplawdi’ aktivlerdi qayta bahalaw arqali’ a’melge asi’rsaq boladi’. Dissertaciyamni’n’ I babi’nda ka’rxana aktivlerinin’ teoriyali’q tiykarlari’ ashi’p

ko’rsetilgen. II babi’nda ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwin 36 sanli’ FYeXS “Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi” boyi’nsha yesaplaw jollari’ ha’m aktivlerdin’ qa’dirsizleniwi haqqi’nda standart yengizilmegen ma’mleketler ushi’n aktivlerdi qayta bahalaw arqali’ aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw jollari’ ahi’p ko’rsetilgen. III babi’nda “O’ZBEKTELEKOM” Akcionerlik Kompaniyasi’ni’n’ aktivlerinin’ qa’dirsizleniwin yesaplaw ha’m wolardi’ ka’rxanani’n’ finansli’q yesabatlari’nda ko’rsetiw jollari’ ashi’p ko’rsetilgen ha’m soni’n’ menen birge Gazel – 32213 markali’ avtotransportti’n’ qa’dirsizleniwin yesaplani’li’p ko’rsetildi ha’m wol haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar finansli’q yesabatlarda aship ko’rsetildi.

I bapta ka’rxana aktivleri qa’dirsizleniwinin’ teoriyali’q tiykarlari’ashi’p ko’rsetildi. Bul bap 3 bo’limnen ibarat boli’p 1-bo’liminde ka’rxana aktivleri haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar ashi’p ko’rsetildi ha’m wolar klassifikaciyalandi’. 2-bo’liminde ka’rxana aktivlerin qayta bahalaw jollari’ ko’rsetildi. 3-bo’liminde ka’rxana aktivlerinin’ qa’dirsizleniwi haqqi’nda tu’sinik ha’m aktivtin’ qa’dirsizleniwin yesaplawg’a O’zbekistan sharayati’nda yen’ ko’p ushi’rasatug’i’n misal’ ko’rsetildi ha’m aktivtin’ qa’dirsizleniwden ko’rilgen zi’yan yesaplani’p shi’g’i’ldi’.

1. Xojali’q ju’ritiwshi subiektler ushi’n za’ru’r bolg’an imarat, pul qarji’lari’, materiallar, tovarlar si’yaqli’ yekonomikali’q resurslar aktivler dep ataladi’. Ekonomikali’q resurslar wo’tip ketken qatnasi’qlar ha’m ha’diseler na’tijesinde payda boli’wi’ xojali’q ju’ritiwshi sub yekttin’ aktivleri yekenligi, wo’tip ketken qatnasi’qlar ha’m ha’diseler na’tijesinde yekonomikali’q resurslardi’n’ payda boli’wi’ xu’jjetler arqali’ ani’qlani’wi’ tiykarlandi’.

2. Aktivlerdi qayta bahalawdan wo’tkeriw usi’llari’n ka’rxanalar g’a’rezsiz saylaydi’, ka’rxana qayta bahalawdi’ g’a’rezsiz a’melge asi’radi’ yamasa woni’ wo’tkeriw ushi’n ni’zamg’a muwapi’q bahalaw menen shug’i’llani’w huqi’qi’na iye bolg’an ekspert qa’nigelerine usi’nadi’

3. Aktivlerdin’ qa’dirsizleniwin yesaplawda ishki paydalani’wshi’lar ushi’n usi’ni’s yetildi, sebebi ka’rxanani’ na’tijeli basqari’w ha’m keleshektegi

finansli'q na'tijesin boljaw ushi'n aktivlerdin' qa'dirsizleniwi haqqi'ndag'i' mag'li'wmat unamli' rol woynaydi'.

II bap 3 bo'limnen ibarat boli'p 1-bo'liminde pul qa'dirsizleniwi bolmag'an ekonomika mashqalalari' ashi'p ko'rsetilip bunda tiykari'nan 29-sanli' FYEXS "Giperinflyaciya sharayatlari'nda finansli'q yesabatlar" di'n' a'hmiyeti ha'm paydalani'w jollari' ko'rsetildi. 2-bo'liminde ka'rxana aktivlerinin' qa'dirsizleniwin yesaplaw obiekti, wazi'ypalari' ha'm mag'li'wmatlardi' ji'ynaw mashqalalari' ashi'p ko'rsetildi. Qa'dirsizleniwdi yesaplaw ushi'n birinshi wazi'ypalardi'n' biri bul qa'dirsizleniwdi yesaplaw kerek bolg'an obiektti belgilep ali'w. Obiektti belgilewimiz ushi'n qa'dirsizleniw belgilerin aniqlawimiz sha'rt. Qa'dirsizleniw belgileri ishki ha'm si'rtqi' boli'p bo'linedi. Si'rtqi' faktorlarg'a aktivtin' bazar bahasi'ni'n tu'sip ketiwi, ka'rxanag'a unamsi'z ta'sir yetiwshi ekonomikali'q, texnologiyali'q, yuridikali'q wo'zgerislerdin' ju'z beriwi. Ishki faktorlarina aktivtin' moralli'q yeskiriwi, ekonomikali'q paydani'n' ku'tilgennen to'men boli'wi'. 3-bo'liminde ka'rxana aktivlerin qayta bahalaw arqali' aktivlerdin' qa'dirsizleniwin yesaplaw jollari' ko'rsetildi. Ka'rxana aktivlerinin' qa'dirsizleniwin 36 sanli' FYeXS "Aktivlerdin' qa'dirsizleniwi" boyi'nsha yesaplaw jollari' ha'm aktivlerdin' qa'dirsizleniwi haqqi'nda standart yengizilmegen ma'mleketler ushi'n aktivlerdi qayta bahalaw arqali' aktivlerdin' qa'dirsizleniwin yesaplaw jollari' ahi'p ko'rsetilgen.

III bapta "O'ZBEKTELEKOM" Akcionerlik Kompaniyasi'ni'n' aktivlerinin' qa'dirsizleniwin yesaplaw ha'm wolardi' ka'rxanani'n' finansli'q yesabatlari'nda ko'rsetiw mashqalalari' ashi'p berildi. III bap 3 bo'limnen ibarat boli'p 1 bo'liminde "O'zbektelekom" akcionerlik kompaniyasi' haqqi'nda qi'sqasha mag'li'wmat berildi. Yag'ni'y bunda kompaniyani'n' ashi'liw jag'daylari', aktivler ha'm passivler quramlari', akciyalari, 2012-2013-ji'ldag'i' proektleri, xi'zmetleri haqi'nda so'z yetildi. 2-bo'liminde "O'zbektelekom" akcionerlik kompaniyasi'ni'n' aktivleri qurami' haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlar ashi'p berildi ha'm wolarg'a analiz jasaldi'. Bunda "O'zbektelekom" AK

tiykarg'i' ekonomikali'q ko'rsetkishleri, da'ramatlar qurami', da'ramatlar ha'm qa'rejetler dinamikasi' ko'rsetildi ha'm bularg'a analiz jasaldi'. 3-bo'liminde "O'zbektelekom" akcionerlik kompaniyasi' aktivlerinin' qa'dirsizleniwin yesaplaw ha'm wolardi' finansli'q yesabatda ko'rsetiw mashqalalari' ashi'p berildi. Soni'n' menen birge Gazel – 32213 markali' avtotransportti'n' qa'dirsizleniwin yesaplani'li'p ko'rsetildi ha'm wol haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlar finansli'q yesabatlarda aship ko'rsetildi. Na'tiyjede Gazel – 32213 markali' avtotransportti'n' balans summasi' 8 169 336 sum bolg'anlig'i' sebepli qa'dirsizleniwden ko'rilgen zi'yan 234 082 sum (8 169 336-7 935 254) dep tawi'ldi' ha'm bug'an buxgalteriyali'q yesap ju'rgiziw jollari' ko'rsetildi.

Juwmaqlap aytqanda ka'rxanani'n' aktivlerinin' qa'dirsizleniwin yesaplaw ka'rxanani' to'mendegi unamli' jag'daylar menen ta'miyinleydi.

- aktivtin' balans summasi'ni'n' quni' qaplanatug'i'n summadan asi'p ketpewin
- wo'nimnin' wo'zine tu'ser bahasi'ni'n' duri's yesaplani'li'wi'n
- investorlarg'a, paydalani'wshi'larg'a za'ru'r mag'li'wmatlardi' usi'ni'w
- mu'lk, payda sali'g'i'ni'n' arti'q to'lenbewligin,
- da'ramatlardi'n' arti'q ha'm qa'rejetlerdin' az ko'rsetiliwinin' aldi'n ali'wi'n ta'miyinleydi.

# QOSIMSHA

**1-qosi'msha**

**Автотранспорт воситасининг жисмоний эскиришини аниқлашда қўлланиладиган кўрсаткичлар.**

| **Ҳолатнинг баҳоси** | **Техник ҳолат тавсифи** | **Эскириш** |
|---|---|---|
| Янги | Янги (шу жумладан ўрнатилган, лекин фойдаланишга киритилмаган), аъло ҳолда | 5% гача |
| Жуда яхши | Носозликларсиз ишлаётган, оз муддат фойдаланилган, нуқсонлар ва носозликлар аниқланмаган тарспорт | 5%-20% |
| Яхши | Иш қобилиятини чекламайдиган кичик фойдаланиш нуқсонларига эга бўлган, капитал таъмирлашдан чиққан, яхши холатдаги траспорт. | 20%-35% |
| Қониқарли | Қониқарли ҳолатдаги траспорт. Иш режимларини танлашда таъмирташтар орасида хизматлар кўрсатиш ёки жорий таъмирлаш вақтида бартараф этиладиган баъзи бир чеклашлар бўлимши мумкин. | 35%-50% |
| Шартли равишда яроқли | Трагспорт ишида бартараф этиш учун режадан ташқари таъмирлашлар ўтказиш талаб этиладиган носозликлар кузатилади. Иш режимларини танлашда ва энг катта юкланишларга чеклашлар бор. Асосий қисмларини жиддий таъмирлаш ёки | 50%-75% |

| | | |
|---|---|---|
| | алмаштириш талаб этилади. | |
| Қониқарсиз | Тез-тез бузилиб турадиган асосий узелларни капиталтаъмирлашни талаб этадиган, ёмон ҳолатдаги транспорт | 75%-90% |
| Фойдаланиш учун яроқсиз | Асосий йўналиши бўйича фойдаланишга яроқсиз бўлган транспорт. Ҳали ишлаётган асосий материаллар қиймати бўйича сотишдан бошқа оқилона имкониятлар йўқ. | 90%дан ортиқ |

Манба: Ўзбекистон Республикаси давлат мулк қўмитаси маълумотлари.

**2-Qosi'msha**

**Индексы переоценки**
**стоимости основных фондов, оборудования, предназначенного к установке,**
**и объектов, не завершенных строительством, по состоянию на 1 января 2014 года**
**(по периодам их приобретения, изготовления, строительства)**

| *Группы и коды основных фондов* | *До 1995 г. вкл-но* | *1996–2005 гг.* | *2006–2011 гг.* | *2012 г.* | *2013 г.* | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | *I кв.* | *II кв.* | *III кв.* | *IV кв.* |
| **1. Здания производственные и непроизводственные (10000–10018)** | | | | | | | | |
| Группа Р-1 | 1,048 | 1,107 | 1,142 | 1,165 | 1,149 | 1,096 | 1,044 | 1,011 |
| Группа Р-2 | 1,000 | 1,095 | 1,130 | 1,153 | 1,137 | 1,086 | 1,033 | 1,001 |
| Группа Р-3 | 1,000 | 1,085 | 1,119 | 1,142 | 1,126 | 1,075 | 1,023 | 1,000 |
| Группа Р-4 | 1,000 | 1,074 | 1,108 | 1,130 | 1,115 | 1,064 | 1,013 | 1,000 |
| Группа Р-5 | 1,000 | 1,063 | 1,097 | 1,119 | 1,103 | 1,053 | 1,003 | 1,000 |
| **2. Сооружения (20000–20382)** | | | | | | | | |
| Группа Р-1 | 1,048 | 1,107 | 1,142 | 1,165 | 1,149 | 1,096 | 1,044 | 1,011 |
| Группа Р-2 | 1,000 | 1,095 | 1,130 | 1,153 | 1,137 | 1,086 | 1,033 | 1,001 |
| Группа Р-3 | 1,000 | 1,085 | 1,119 | 1,142 | 1,126 | 1,075 | 1,023 | 1,000 |
| Группа Р-4 | 1,000 | 1,074 | 1,108 | 1,130 | 1,115 | 1,064 | 1,013 | 1,000 |
| Группа Р-5 | 1,000 | 1,063 | 1,097 | 1,119 | 1,103 | 1,053 | 1,003 | 1,000 |
| **3. Передаточные устройства (30000–30124)** | 1,039 | 1,097 | 1,132 | 1,155 | 1,135 | 1,082 | 1,046 | 1,020 |
| **4. Машины и оборудование** | | | | | | | | |
| 4.1 Силовые машины и оборудование (40000–40719) | 1,007 | 1,063 | 1,097 | 1,119 | 1,113 | 1,096 | 1,062 | 1,014 |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 4.2 Рабочие машины и оборудование (41000–46119) | 1,007 | 1,063 | 1,097 | 1,119 | 1,113 | 1,096 | 1,062 | 1,014 |
| 4.3 Измерительные и регулирующие приборы и устройства, лабораторное оборудование (47000–47066) | 1,007 | 1,063 | 1,097 | 1,119 | 1,113 | 1,096 | 1,062 | 1,014 |
| 4.4 Вычислительная техника (48000–48010) | 1,000 | 1,000 | 1,000 | 1,000 | 1,000 | 1,000 | 1,000 | 1,000 |
| 4.5 Прочие машины и оборудование (49000–49303) | 1,007 | 1,063 | 1,097 | 1,119 | 1,113 | 1,096 | 1,062 | 1,014 |
| **5. Транспортные средства (50000–50709)** | | | | | | | | |
| Автомобили легковые | 1,039 | 1,097 | 1,131 | 1,154 | 1,151 | 1,139 | 1,093 | 1,014 |
| Другие транспортные средства | 1,007 | 1,063 | 1,097 | 1,119 | 1,113 | 1,096 | 1,062 | 1,014 |
| **6. Инструменты (60000–60002)** | 1,000 | 1,041 | 1,074 | 1,096 | 1,088 | 1,069 | 1,047 | 1,015 |
| **7. Производственный и хозинвентарь, без мебели (70000–70002, 70005–70012)** | 1,000 | 1,041 | 1,074 | 1,096 | 1,088 | 1,069 | 1,047 | 1,015 |
| **8. Мебель (70003–70004)** | 1,000 | 1,016 | 1,048 | 1,070 | 1,062 | 1,042 | 1,027 | 1,009 |
| **9. Рабочий и продуктивный скот (80000)** | 1,009 | 1,065 | 1,098 | 1,121 | 1,110 | 1,092 | 1,075 | 1,041 |
| **10. Многолетние насаждения (90000–90021)** | 1,000 | 1,044 | 1,077 | 1,099 | 1,090 | 1,066 | 1,046 | 1,021 |
| **11. Библиотечные фонды** | 1,000 | 1,020 | 1,052 | 1,073 | 1,072 | 1,063 | 1,037 | 1,009 |
| **12. Прочие основные фонды** | 1,000 | 1,044 | 1,077 | 1,099 | 1,091 | 1,068 | 1,047 | 1,021 |
| **13. Объекты, не** | 1,022 | 1,079 | 1,113 | 1,135 | 1,122 | 1,079 | 1,037 | 1,011 |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **завершенныестроительством** | | | | | | | | |
| **14. Неустановленное оборудование** | 1,007 | 1,063 | 1,097 | 1,119 | 1,113 | 1,096 | 1,062 | 1,014 |

***Примечание.***

Коды основных фондов приведены в соответствие с ЕНАО 1990 года.

Объекты жилого фонда, находящиеся на балансе организаций, в случае отсутствия другого нормативного документа по их переоценке переоцениваются с коэффициентом 1,0.

**Группы регионов:**

Группа Р-1 – г.Ташкент;

Группа Р-2 – Ташкентская, Кашкадарьинская, Ферганская области;

Группа Р-3 – Андижанская, Бухарская, Навоийская, Самаркандская области;

Группа Р-4 – Наманганская, Сурхандарьинская, Хорезмская области;

Группа Р-5 – Республика Каракалпакстан, Джизакская, Сырдарьинская области.

*Напоминаем, что* ***переоценка стоимости основных фондов проводится ежегодно (до 1 февраля текущего года) по состоянию на 1 января****исходя из уровня цен в период проведения переоценки.*

*Действие названного Положения распространяется на все предприятия, организации и учреждения Республики Узбекистан, независимо от форм собственности и ведомственной подчиненности.*

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar

### Normativ huquqi’y hu’jjetler:


1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. - Т.: Ўзбекистон, 2005.
2. Ўзбекистон Республикасининг «Лизинг тўғрисида»ги Қонуни, 1999 й. 14 апрел.
3. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Тўғридан-тўғри хусусий хорижий инвестицияларни жалб этишни рағбатлантириш борасидаги қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида»ги Фармони, 2005 й. 11 апрел.
4. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Ишлаб чиқаришни модернизациялаш, техник ва технологик қайта жиҳозлашни рағбатлантиришга оид қўшимча чора-тадбирлари тўғрисида”ги Фар-мони, 2007 й. 15 март.
5. Каримов И. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т.2. Т.:Ўзбекистон, 1996, 124-бет.
6. Ўзбекистон Республикаси «Хусусий корхоналар тўғрисида»ги Қонуни. 11 декабр 2003 йил (ўзгартириш ва қўшимчалар билан).
7. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Хўжалик бошқаруви органлари тизимини такомиллаштириш тўғрисида»ги 2003 йил 22 декабрдаги ПФ-3366-сонли Фармони.
8. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2005 йил 14 мартдаги «2005-2006-йилларда корхоналарни давлат тасарруфидан чиқариш ва хусусийлаштириш дастури тўғрисида»ги ПҚ-29-сонли Қарори.
9. Ўзбекистон Республикасининг «Бухгалтерия хисоби тўғрисида»ги қонуни. 1996.
10. Өзбекистан Республикасы Бухгалтерия есабының Миллий стандартлары. Ташкент-2000

**Sabaqli'q ha'm woqi'w qollanbalar:**

1. Дўсмуратов Р.Д. Аудит асослари. -Т.: «Ўзбекистон миллий энциклопедияси» давлат илмий нашриёти, 2010. -604 б.

2. Агеева, О. А. Международные стандарты финансовой отчетности :учеб. пособие / О. А. Агеева. – М. : Изд-во «Бухгалтерский учет», 2007. – 464 с

3. International Accounting Standards Board, (IASB), (2004) 'International Accounting Standard 36, Impairment of Assets, Revised,' London, IASB.

4. International Accounting Standards Board, (IASB), (2006), 'Fair Value Measurements,' Discussion Paper, London, IASB

5. Бабаев, Ю. А. Международные стандарты финансовой отчетности :учеб. / Ю. А. Бабаев, А. М. Петров. – М. : ТК Велби, Изд-во Проспект, 2007.

6. Вахрушина, М. А. Международные стандарты финансовой отчетности : учебник для студентов, обучающихся по специальностям «Бухгалтерский учет, анализ и аудит», «Налоги и налогообложение», «Финансы и кредит» / М. А. Вахрушина, Л. А. Мельникова ; подред. М. А. Вахрушиной. – М.: Издательство «Омега-Л», 2009.

7. Вахрушина, М. А. Международные стандарты учета и финансовой отчетности : учеб. пособие / М. А. Вахрушина, Л. А. Мельникова, Н. С. Пласкова ; Под ред. М. А. Вахрушиной. – М. : Вузовский учебник, 2009.

8. Голов, С. Ф. Бухгалтерский учет и финансовая отчетность по международным стандартам / С. Ф. Голов, В. Н. Костюченко. – Харьков :Фактор, 2008.

9. Качалин, В. В. Финансовый учет и отчетность в соответствии со стандартами GAAP / В. В. Качалин. – М. : Эксмо, 2007.

10. Хожалық жүргизиўши субъектлердиң финанс хожалық хызмети бухгалтерия есабы счетларының режеси ҳәм оны қолланыў бойынша көрсетпе. Ташкент - 2001

**Ilimiy jurnaldag'i' maqalalar:**

1. Utemuratov A, Jarimbetov A, "Ka'rxana aktivlerinin' qa'dirsizleniwin yesaplaw jollari'." No'kis 2013-ji'l
2. Seyilbekov B. Jarimbetov A. "Ka'rxana aktivlerinin' qa'dirsizleniwin yesaplawdi'n' a'hmiyetliligi." No'kis 2014-ji'l
3. Alciatore M, Easton P. & Spear, N. (2000) 'Accounting for the impairment of long-lived assets: Evidence from the petroleum industry', Journal of Accounting and Economics, April.
4. Andrews, R. C. (2006) 'Impairment of Assets: Measurement without disclosure?' ACCA research report
5. Hayn C. & Hughes P.J. (2006) 'Leading Indicators of Goodwill Impairment,' Journal of Accounting, Auditing & Finance.
6. Chunguang, Z. (2006). "Asset Impairments and Earnings Management " . Accounting Research 3, 003
7. Duh, R. R., Lee, W. C., & Lin, C. C. (2009). "Reversing an impairment loss and earnings management: The role of corporate governance". The International Journal of Accounting, 44(2).
8. Fried, D., M. Schiff and A. C. Sondhi (1989). Impairments and write-offs of long-lived assets, National Association of Accountants (Montvale, NJ).
9. Д.В. Тихомиров – кандидит экономических наук, докторант кафедры финансов СПбГУЭФ. «Отражение обесценения активов в финансовой отчетности компаний: вопросы методологии и тенденции 2008-2010 гг.»
10. Д.В. Тихомиров – кандидит экономических наук, докторант кафедры финансов СПбГУЭФ. «Обесценение активов: проблемы оценки и отражения в финансовой отчетности// Известия СПбУЭФ. 2010. №3

**Internet saytlari':**

1. http://www.mf.uz (Ўзбекистон Республикаси Молия вазирлиги).
2. http://www.icar.ru – сервер Международного центра реформы

системы бухгалтерского учета (ICAR)
3. http://www.gaap.ru – информационный сервер по теории и практике финансового учета
4. http//www.iasc.org.uk – сервер Международного комитета по стандартам бухгалтерской отчетности (IASC)
5. http://www.fasb.org – сервер Федерального Департамента по бухгалтерским стандартам США (FASB)
6. http://www.ifac.org – сервер Международной федерации бухгалтеров (IFAC)
7. http://www.accaglobal.com/home/ – сервер Ассоциации дипломированных бухгалтеров (ACCA)
8. www.soliq.uz
9. www.kpmg.com
10. www.lex.uz